ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№72 (23.886) ● 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм (июньм) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ щIыналъэхэм сабий садхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ я лэжьыгъэр щегъэфIэкIуэным топсэлъыхь

Иджыблагъэ Матовников Александр Москва къалэм щригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щIэм и деж щылажьэ Советым и зэIущIэ.

АБЫ хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщым и къудэзэ Тимофеевэ Ольгэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я IэнатIэм щыкIэлъыплъыныкIэ федеральнэ къулыкъущапIэм и унафэщI Кравцов Сергей, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министрым и къудэзэ Синюгинэ Татьянэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я Iэтащхьэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ лэжьапIэнщэхр гъэмэщIэным, цIыхухэр IэнатIэхэм увыныжьIэ ядэIэпыкуным, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр сабий садхэмкIэ, школакIуэхэр ирикъуу курыт еджапIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным хэгъэзауэ зэфIагъэкIэм.

«Ику иту Урысейм елытауэ округым къыщалъхуэхэр нэхъыбэу илъэс куэд лъандэрэ зэрекIуэкIым къыхэкIуным, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр сабий садхэмкIэ, школакIуэхэр ирикъуу курыт еджапIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным хэгъэзауэ зэфIагъэкIэм.

Аращи, 2019 гъэм и закъуэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым ухуэныгъэщIэу 30 щрагъэкIуэкIынущ. Абихэм яхиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту лэжьыгъэщхуэ щоклIэкI. Налшык къалэм курыт еджапIэщIэ мы гъэм къыщызэIуахынущ, апхуэдэу 2019, 2020 гъэхэм хьэзыр хъунущ Шэджэм къалэмрэ Солдатскэ станицэмрэ дащIыхь еджапIэщIэхэр. А псоми я фIыгъэкIэ 2021 гъэм ирихьэлIэу республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щащI школыщIэхэм сабийуэ минитIым нэблагъэ екIуэлIэнущ.

Илъэсищым щегъэжьауэ илъэсиблым нэс зи ныбжь сабий псори садхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Урысейм ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэр апхуэдизкIэ зи ныбжьыр илъэсищым щIимыгъу сабийуэ 2860-рэ зыщIэхуэну Iуэхущ1апIэкIэ 2019, 2020, 2021 гъэхэм къриубыдэу ящIынущ. Егъэджэныгъэм и фIагъыр кьаIэтын мурадкIэ районхэм щыIэ еджапIэ 27-м къыщызэрагъэпэщ бжыгъэхэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэмкIэ, гуманитар егъэджэныгъэмкIэ центрхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэхьащ «Дэтхэнэ сабийми и ехъулIэныгъэ» федеральнэ проектыр щагъэуэнэхуну щIыналъэхэм. Абы ипкъ иткIэ Налшык къыщызэIуахынущ нэхъ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ сабийхэр наIуэ зыщIынымрэ абыхэм ядэIэпыкуныкIэ центр. Ар илъэс псом елэжьынущ. «ЩIэныгъэ», «Гъуаздж», «Спорт» унэтIыныгъэхэмкIэ егъэджэным, апхуэдизу школакIуэхэм я олимп зэщIэхъеныгъэм зегъэубгъуным.

Урысейм и щIыналъэхэм нэхъри заужьын папщIэ

Вице-премьер Мутко Виталий Москва щригъэкIуэкIащ щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек.

ПСАЛЪЭМАКЪЫР зытеухуауэ щытар лъэпкъ проектхэр гъэзащIэным текIуэдэну ахъшэм и лъэныкъуэкIэ федеральнэ бюджетыр гъэзащIа зэрыхъурц, апхуэдизу бюджет зэхуакъ трансфертхэм ятеухуа зэгурыIуэныгъэхэр зэрызэращIылIэрц.

ЗэIущIэм хэхауэ щытепсэлъыхьащ 2025 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм и щIыналъэ зыужьыныгъэм и стратегием хиубыдэу ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм я планым. Къащта документым ипкъ иткIэ, къэкIуэну зэманым къриубыдэу законхэм, адрей хабзэ мардзэхэм халъхьэн хуейщ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэр щIэнгъэхуэбжьэным, абыхэм щыIэ инвестицэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным, щIыупсым и къэхъуакъащIэхэм я зэранкIэ кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэр нэхъыбэ кьыщыхъуу щIыналъэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэхэм цIыхухэр псэунымрэ лэжьыныгъэ шынагъэ кьыщыщызэгъэпэщыным хуэунэтIа зэхъуэкIыныгъэхэр.

Щыналъэ зыужьыныгъэмкIэ Правительствэм и комиссэ кьызэрагъэпэщащ гъэзащIакIуэ властым и федеральнэ органхэм, УФ-м и субъектхэм я къэрал властым и гъэзащIакIуэ орган нэхъыщхьэхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм УФ-м и стратегие-щIыналъэ планхэр щагъэхьэзыркIэ икIи щагъэзащIакIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр зэгъэуIун мурадкIэ.

ЦIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъуакIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зыкъыщIагъакъуэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ Москва щыхуэзащ къэрал корпорацэм-ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм щрагъэкIуэкI реформэхэм защIэгъэзыхьэныкIэ фондым и правленэм и унафэщI Цицин Констатин.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ цIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъуакIынымкIэ программэр республикэм зэрыщагъэпэщащIэм. КъыхэрагъэлъэгъуамкIэ, «ЦIыпсэу мыхъужыну унэхэр зэкIэлъыкIуэу гъэмэщIэныр» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ а мурадым трагъэкIуэдэн папщIэ мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыщIэлъэIуа сом мелуан 41,1-р хуэхэныныкIэ лъэIу тхыльыр къэрал корпорацэм кьыдиныгъащ.

Апхуэдизу тепсэлъыхьащ коммунальнэ инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжьынымкIэ, инженер коммуникацэхэр зэгъэпэщIжьынымрэ щIэуэ ухуэныкIэ программэхэм республикэм хьыхьэныкIэ щыIэ Iэмалхэм.

КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Урысеймрэ Ислъам дунеймрэ» гупым Москва щригъэкIуэкIа зэIущIэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек урысей лъэныкъуэм кьыбгъэдэкIхэм ящIынъуу дыгъуасэ хэтащ къэкIуэну зэманым зэдэлэжьэным хуэгъэпса «Урысеймрэ Ислъам дунеймрэ» гупым нэгъуэщI къэралхэм - Ислъам ЗэдэлэжьэныгъэмкIэ Зэгухьэныгъэм хьыхьэхэм - я Полномочнэ ЛIыкIуэхэм Москва щадригъэкIуэкIа зэхуэсым.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ Урысейм нэгъуэщI къэрал IэхуэхэмкIэ и министр Лавров Сергей: «Ислъам дунейм и къэралхэм дэ яхудиIэ пыщIэныгъэхэр лIэщIыгъуэ бжыгъэхэм кьадобжэ икIи ноби дызэдолажьэ лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ. Дэ дызэкъуагъэувэ дунейпсо хабзэм ткIийуэ дызэрытетым, зэхуэдэныгъэмрэ захуагъэмрэ ди гъуазэу зэрыщытым, ди зэхуэдэ сабэп зыхэлъхэр кьызэрытлъытэм, апхуэдэуи лъэпкъхэм зихуэдэ щымыIэ я щэнхабзэхэм щIэ зэрахуэтщIым, абыхэм политикэ, социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ зытетыну нэхъ кьащтэкIэ кьыхэхьыным дызэрителъхьэм.

Ислъам ЗэдэлэжьэныгъэмкIэ Зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм яхуиIэ ныбжьэгъугъэр гъэбылъэным хуэунэтIауэ Урысей къэралыгъуэм и унафэщIхэм зэфIагъэкIэр жылагъуэм жыджэру къыдаIыгъ, псом хуэмыдэу ар щIынэрыпIалъэщ щыпсэухэм я нэхъыбапIэм ислъам диныр щаIыгъ ди щIыналъэхэм. Ди гуапэу кьыхьидогъэщ мусылъмэн къэралхэм щыщ ди лэжьэгъухэри апхуэдэу кьыхэзрытхущытыжыр.

Апхуэдэ щытыкIэм «Урысеймрэ Ислъам дунеймрэ» гупым мыхьэнэ хэха иIэ мэхъу. А гупым кьыпэщытщ жылагъуэхэм, хьэрычэт Iэхъу зэдэзыщIэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм, щIэныгъэлIхэм, щIалэгъуалэм, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм, жьIепэнурамэ, Урысеймрэ Ислъам дунеймрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ щIыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI дэтхэнэ зыми я егупчуныгъэхэр зэгъэуIуным хуэгъэза, жэуапIныныгъэшхуэ зыпылъ къалэнхэр гъэзэщIэныр.

Дэ ди гуапэу кьыхьидогъэщ а гупым ди къэралхэр нэхъри гьунэгъу зэхуэхъуныкIэ, ди зэныбжьэгъугъэр, дзыхь зэрызэхуэтщIыр гъэбылъэныкIэ, ди лъэпкъхэм зызэкащIыкIыныкIэ, зэгъуэгуу кьыдэтх Iэхуэхэр дагъэкIыныкIэ, абыхэм щэнхабзэ, псапащIэ, сату-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ IэнатIэхэри яхэту, я зэфIэкIым дызэрыхуэныкъуэр».

Зэхуэсым апхуэдэу хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, Урысейм и Президентым и Администрацэм щыщхэр, экспертхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ дин Iэхъущ1апIэхэмрэ я лIыкIуэхэр.

«Урысеймрэ Ислъам дунеймрэ» гупыр 2006 гъэм кьызэрагъэпэщауэ щытащ УФ-м и Президент Путин В. В. пащэрыпIэ кьаэзэрыщищIам ипкъ иткIэ, Урысеймрэ ислъам дунейм и къэралхэмрэ зэхуэдэ хуитныныгъэхэр зиIэ зэлэжьэгъэуу щытыныр зи лъабжьэ зэхущытыкIэхэр яIэ хъуным хэлIыфIыныкIыныр и къалэну. Ар хуэунэтIащ экономикэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, щIалэгъуалэ политикэм, нэгъуэщI унэтIныныгъэхэми щалэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным. ЗэгухьэныгъэщIэм и унафэщIу щытащ дипломат Примаков Евгенийрэ Тэрэстаным и япэ Президент Шаймиев Минтимеррэ. 2014 гъэм УФ-м и Президент Путин Владимир Гупым и унафэщIу игъэуващ Тэтэрстаным и президент Минниханов Рустам.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къулъкъужьын Ипщэ къуажэм щыпсэу Дыгулыбгъу Исуф Дул и къуэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 90 ирикъащ.

И МАХУЭМКIЭ абы екъуэхъащ Бахъсэн район administрацэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Къэзан Зауррэ къуажэ администрацэм и унафэщI АфIэунэ Хьэжмухьэмэдрэ. Абыхэм нэхъыжьым иратыжащ УФ-м и Президент Путин Владимирэ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбекрэ я хъуэхъу телеграммэхэр.

Исуф илъэс 50-кIэ колхозым щылэжьауэ ветеранщ. Ауэ абы и закъуэкъым, зауэ зэманми зэрылэжьам папщIэ ветеран цIэр зэрехьэ. И щыхьэгъусэ Iэсиятрэ абыхэ сабиих зэдапIащ, зэдагъэсащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ.

Апхуэдэуи кьулыкъущIэхэр хуеблэгъащ ПсыкIэху жьлэм щыщ Бекъазы Хьэмид Ибрэхьим и къуэм. Абыи егъэзапIэ илъэс 90 зэрыхъур. Хьэмид зэман кIыхькIэ «Бакъанский площадь допитомник» совхозым щылэжьащ, къуажэм и нэхъыжьхэм я советым хэтщ, ПсыкIэху и жылагъуэ IуэхуэмкIэ хуэзафIэкI ещIэ. Сыт и лъэныкъуэкIи гъащIэм фIыуэ хэзэгъауэ бынищ иIащ.

Дэри докъуэхъу зи мазхуэр зыхуагъэпэлъапIэ нэхъыжьыфIхэм, икIи узынщагъэ быдэ яIэну ди гуапэщ!

ЧЫЛАР Аринэ.

● Хъыбар гуапэ

Ныбжь дахэ Тхьэм зыхуигъэфэщахэр

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэкъуауэгъуэм и 20, *махуэку*

♦Зи псэупIэр IэмалышагъэкIэ зыхъуэжьи хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ

♦Зоопаркхэм щаIыгъ пылхэр хъуэмэным и дунейпсо махуэщ

♦Узбекистаным и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм мэкъуауэ я къэрал суверенитетым теухуа декларацэр.

♦Аргентинэм и лъэпкъ ныпым и махуэщ

♦Азербайджаным газым пыщIа и Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэр щагъэлъапIэ

♦1881 гъэм Новгород Ищхъэрэм лэжьэн щыщIидзащ Урысейм щыяпэ телефон линэм.

♦1933 гъэм СССР-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэр кьызэрагъэпэщащ.

♦1937 гъэм Чкалов Валерий, Байдуков Георгий, Беляков Александр сымэ зэрыс АНТ-25 кхъухьлъатэр, Ищхъэрэ полюсыр зэпиупщIри, США-м и Сан-Джасинтэ кьалэм щетIысэхащ. Километр 10148-рэ хъу гъуэгуанэр абыхэм зэпачат сыхьэт 63-м щигъукIэ.

♦1945 гъэм Берлин къраехьыри Москва къахьыжащ ТекIуэныгъэм и Бэракьыр - Рейхстагым щыфIадзауэ щытар.

♦1954 гъэм Дунай псым траЛъхьащ Болгариемрэ Румыниемрэ зэпызыщIэ «Зэныбжьэгъугъэм я лъэмыжьыр».

♦1957 гъэм Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залым щызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмрэ литературэмкIэ и гъэлъэгъуэныгъэр.

♦1991 гъэм Германием и парламентымрэ правительствэм хэтхэмрэ унафэ щIадзащ къэралым и щыхьэру Берлин къалэр (Бонн и пIэкIэ) къэлъытэным теухуауэ.

♦1991 гъэм Латвиер техьэжащ 1922 гъэм къащтауэ щыта конституцэм.

♦Щэджэс бзыльхъугъэ тхакIуэ **Кхъуэхъу Цуцэ** кьызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Совет режиссёр-мультипликатор цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубз артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Котёночкин Вячеслав** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу. Абы игъэува мультфильм гъэщIэгъуэн куэдкIейм я нэхъ цIэрыIуэ хъуар «Ну, погоди!» жьIоуиIэращ.

♦Совет усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Рождественский Роберт** кьызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Совет журналист, тхакIуэ, уэрэджьIакIуэ, сценарийхэр зытхыну щыта **Визбор Юрий** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, МКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Дроздов Николай** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Коренев Владимир** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Австралием щыщ актрисэ цIэрыIуэ, «Оскар», «Золотой глобус» (щэнейрэ), нэгъуэщI саугъэт куэди зыхуагъэфащэ **Кидман Николь** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм щыхь зиIэ и артисткэ **Аниканов Марие** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

♦Урысей футболистхэу, УФ-м спортымкIэ щыхь зиIэ и мастерхэу **Березуцкэ Алексейрэ Василийрэ** я ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщещхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жащым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 21, *мэрем*

♦Гидрографием и дунейпсо махуэщ

♦ГумащIагъэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и кинолог Iуэхущ1апIэхэм я махуэщ

♦Франджым щагъэлъапIэ макъамэм и махуэр

♦Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэраухам и щIыхькIэ илъэс къэс кьызэрагъэпэщ, сабантуй зыфIащa махуэшхуэр Тэтэрстаным щагъэлъапIэ

♦1907 гъэм США-м я кьыщызэрагъэпэщащ «Юнайтед Пресс Интернэшнл» кьыбарегъащIэ агентствэр.

♦1915 гъэм Кунцевэ къуажэ цIыкIум (иджы Москва хохьэ) Малевич Казимир щитхащ дуней псом щафIэтелъыдэжэ хъуа и «ЗэпэплIимэ фIыцIэ» сурэтыр.

♦1925 гъэм Москва и уэрамхэм япэ таксихэр кьыдыхьащ. Ахэр 16 хъурт, Франджым щащIа «Рено» автомобиль лIэужьыгъуэм щыщт.

♦1948 гъэм ФРГ-м кьыщагъэсэбэпу хуежьащ валютэщIэр - нэмыцэ маркэр.

♦1956 гъэм СССР-м Iэщ1кIэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм хъэхьащ. Ядернэ Iэщ1 зэрыIъ япэ совет ракетэр - Р-5М-р.

♦1970 гъэм Мексикэм и къалащхьэ Мехикэ дэт «Ацтека» стадионым щыIэхэтащ футболымкIэ IX дунейпсо чемпионатым и кIэух зэIущIэр. Абы чемпион щыхъуащ Бразилием и командэ къыхэхар, Италием и футболистхэм 4:1-уэ ятекIуэри.

♦Совет усакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ, Лениным, Сталиным я цIэкIэ зезыхьэу щыта саугъэтхэр, СССР-м и Къэрал саугъэтэу зрата, «Новый мир» журналым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Твардовский Александр** кьызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Золотухин Валерий** кьызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Пакистаным и премьерминистру щыта **Бхуттэ Беназир** кьызэралъхурэ илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Iэмырбий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, публицист, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъужь Анатолий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, къэрал лэжьакIуэ, 2010 гъэм кьыщыщIадзауэ Москва къалэм и Iэтащхьэ **Собянин Сергей** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦УэрэджьIакIуэ цIэрыIуэу, «Кино» рок-гупым и унафэщIу щыта, фильм зыбжанэм щыджэгуа **Цой Виктор** кьызэралъхурэ илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Журналист, «Московский комсомолец» газетым щылэжьа **Холодов Дмитрий** кьызэралъхурэ илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщещхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жащым градус 18 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Гъуэгум лъыхъуэркъым - щIоупщIэ.

Урысейм и щIыналъэхэм сабий садхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ я лэжьыгъэр щегъэфIэкIуэным топсэлъыхь

Иджыблагъэ Матовников Александр Москва къалэм щригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щIэм и деж щылажьэ Советым и зэIущIэ.

АБЫ хэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и Унафэщым и къудэзэ Тимофеевэ Ольгэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я IэнатIэм щыкIэлъыплъыныкIэ федеральнэ къулыкъущапIэм и унафэщI Кравцов Сергей, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министрым и къудэзэ Синюгинэ Татьянэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я Iэтащхьэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ лэжьапIэнщэхр гъэмэщIэным, цIыхухэр IэнатIэхэм увыныжьIэ ядэIэпыкуным, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр сабий садхэмкIэ, школакIуэхэр ирикъуу курыт еджапIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIэм.

«Ику иту Урысейм елытауэ округым къыщалъхуэхэр нэхъыбэу илъэс куэд лъандэрэ зэрекIуэкIым къыхэкIуным, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр сабий садхэмрэ щIыпIэ куэдым щахуэмыкIыуу къокIуэкI», - жиIащ Матовников Александр зэIущIэр къыщызэIуихым.

Аращи, 2019 гъэм и закъуэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым ухуэныгъэщIэу 30 щрагъэкIуэкIынущ. Абихэм яхиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту лэжьыгъэщхуэ щоклIэкI. Налшык къалэм курыт еджапIэщIэ мы гъэм къыщызэIуахынущ, апхуэдэу 2019, 2020 гъэхэм хьэзыр хъунущ Шэджэм къалэмрэ Солдатскэ станицэмрэ дащIыхь еджапIэщIэхэр. А псоми я фIыгъэкIэ 2021 гъэм ирихьэлIэу республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щащI школыщIэхэм сабийуэ минитIым нэблагъэ екIуэлIэнущ.

Илъэсищым щегъэжьауэ илъэсиблым нэс зи ныбжь сабий псори садхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Урысейм ЕгъэджэныгъэмкIэ министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэр апхуэдизкIэ зи ныбжьыр илъэсищым щIимыгъу сабийуэ 2860-рэ зыщIэхуэну Iуэхущ1апIэкIэ 2019, 2020, 2021 гъэхэм къриубыдэу ящIынущ. ЕгъэджэныгъэмкIэ и фIагъыр кьаIэтын мурадкIэ районхэм щыIэ еджапIэ 27-м къыщызэрагъэпэщ бжыгъэхэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэмкIэ, гуманитар егъэджэныгъэмкIэ центрхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэхьащ «Дэтхэнэ сабийми и ехъулIэныгъэ» федеральнэ проектыр щагъэуэнэхуну щIыналъэхэм. Абы ипкъ иткIэ Налшык къыщызэIуахынущ нэхъ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ сабийхэр наIуэ зыщIынымрэ абыхэм ядэIэпыкуныкIэ центр. Ар илъэс псом елэжьынущ. «ЩIэныгъэ», «Гъуаздж», «Спорт» унэтIныныгъэхэмкIэ егъэджэным, апхуэдизу школакIуэхэм я олимп зэщIэхъеныгъэм зегъэубгъуным.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хэхыным

2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м официальнэу зыхуагъэхьэзыру щIадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэм. Законодательствэм ипкъ иткIэ Iэ Iэтыныр абы хуэхаха 2019 гъэм фокIадэм и 8-м екIуэкIынущ.



2019 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и щIыналъэр зэрыщыту зыхиубыдэ республикэ хэхыпIэ округ зэгуэтым щыхьахынущ депутат 70. Хэхыныгъэхэр екIуэкIынущ пропорциональнэ хабзэм тету, нэгъуэщI жьIпIэмэ, партпислисхэмэ япкъ иткIэ.

А щыкIэм тету, хэхыныгъэ лэжьыгъэр нэхъ зыбгъэдэхуэнур хэхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэрщ - политикэ партхэм, абыхэм я щIыналъэ къудамэхэм, политикэ партхэм я кьыныжьыщI IэнатIэхэм ящыщу хэхыныгъэм хэтыну хуитныгъэ зиIэхэрщ.

Нобэм ирихьэлIэу политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэу республикэм 37-рэ щатхащ. ХэхыныгъэмкIэ законодательствэм ипкъ иткIэ, Урысей Федерацэм ЮстицэмкIэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кьыпригъэдзащ «Политикэ партхэм я Iэхуэхьэ» Федеральнэ законым тету хэхыныгъэм хэтыну хуитныгъэ зиIэ политикэ партхэм я спискэр. Абы кьызэригъэльэгъуамкIэ, дызыхьэкIуэ хэхыныгъэм хэтыну хуитныгъэ зиIэ политикэ партыу 59-рэ, политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэу 35-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэщ.

Хэхыныгъэм хэтыну хуит яIэ дэтхэнэ партми езым и кандидатхэм я спискэр егъэхьэзыр. Политикэ партым е абы и къудамэу республикэм щыIэм и спискэм кандидату 35-рэ нэхъ мынэхъ мащIэ, ауэ 120-м щIимыгъу хагъэхьэ.

Зэрыщыту хэхыпIэ округым кьыриубыдэу дэтхэнэ зы партым папщIи Iэ зиIэтхэм я бжыгъэм тещIыхьауэ мандатхэри хухахынущ, нэгъуэщI жьIпIэмэ, «политикэ партыр щыухыкIам и кандидатхэм я спискэр егъэхьэзыр. Политикэ партым е абы и къудамэу республикэм щыIэм и спискэм кандидату 35-рэ нэхъ мынэхъ мащIэ, ауэ 120-м щIимыгъу хагъэхьэ.

Зэрыщыту хэхыпIэ округым кьриубыдэу дэтхэнэ зы партым папщIи Iэ зиIэтхэм я бжыгъэм тещIыхьауэ мандатхэри хухахынущ, нэгъуэщI жьIпIэмэ, «политикэ партыр щыухыкIам и кандидатхэм я спискэр хагъэхьэну хэхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэмыт цIыхухэри кандидатхэм я спискэм хагъэхьэну хэхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хуитныгъэ зэраIэр. Ауэ апхуэдэ цIыхухэм ящыщу спискэм хагъэхьэ хъунур процент 50-м щIимыгъущ.

ХэхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэу хэхыныгъэм хэтыну зи мурадхэм я къэлэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щатха хэхакIуэхэм я процент 0,5-м нэхъ мынэхъ мащIэм ахэр зэрыдаIыныкIэ тхыльхэм Iэ щIрагъэдзыну.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэкъуауэгъуэм и 20, *махуэку*

♦Зи псэупIэр IэмалышагъэкIэ зыхъуэжьи хуей хъуахэм я дунейпсо махуэщ

♦Зоопаркхэм щаIыгъ пылхэр хъуэмэным и дунейпсо махуэщ

♦Узбекистаным и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ. 1990 гъэм мэкъуауэ я къэрал суверенитетым теухуа декларацэр.

♦Аргентинэм и лъэпкъ ныпым и махуэщ

♦Азербайджаным газым пыщIа и Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэр щагъэлъапIэ

♦1881 гъэм Новгород Ищхъэрэм лэжьэн щыщIидзащ Урысейм щыяпэ телефон линэм.

♦1933 гъэм СССР-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэр кьызэрагъэпэщащ.

♦1937 гъэм Чкалов Валерий, Байдуков Георгий, Беляков Александр сымэ зэрыс АНТ-25 кхъухьлъатэр, Ищхъэрэ полюсыр зэпиупщIри, США-м и Сан-Джасинтэ кьалэм щетIысэхащ. Километр 10148-рэ хъу гъуэгуанэр абыхэм зэпачат сыхьэт 63-м щигъукIэ.

♦1945 гъэм Берлин къраехьыри Москва къахьыжащ ТекIуэныгъэм и Бэракьыр - Рейхстагым щыфIадзауэ щытар.

♦1954 гъэм Дунай псым траЛъхьащ Болгариемрэ Румыниемрэ зэпызыщIэ «Зэныбжьэгъугъэм я лъэмыжьыр».

♦1957 гъэм Москва Союзхэм я Унэм и Колоннэ залым щызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м гъуазджэмрэ литературэмкIэ и гъэлъэгъуэныгъэр.

♦1991 гъэм Германием и парламентымрэ правительствэм хэтхэмрэ унафэ щIадзащ къэралым и щыхьэру Берлин къалэр (Бонн и пIэкIэ) къэлъытэным теухуауэ.

♦1991 гъэм Латвиер техьэжащ 1922 гъэм къащтауэ щыта конституцэм.

♦Щэджэс бзыльхъугъэ тхакIуэ **Кхъуэхъу Цуцэ** кьызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Совет режиссёр-мультипликатор цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубз артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Котёночкин Вячеслав** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу. Абы игъэува мультфильм гъэщIэгъуэн куэдкIейм я нэхъ цIэрыIуэ хъуар «Ну, погоди!» жьIоуиIэращ.

♦Совет усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Рождественский Роберт** кьызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Совет журналист, тхакIуэ, уэрэджьIакIуэ, сценарийхэр зытхыну щыта **Визбор Юрий** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, МКъУ-м и профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ **Д

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хэхыным пыщIа лэжьыгъэхэр ирагъажьэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр1-нэ нап.).

2019 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щатха хэхакIуэхэм я бжыгъэр 534285-рэ мэхъу.

ХэхыныгъэмкIэ законодательствэм ипкъ иткIэ хэхакIуэхэм я Iэ зыщIэлъ тхыгъэхэр зэхуэмыхьэсу хэхыныгъэхэм хэтыну хуитыныгъэ яIэщ политикэ парту 8-м:

-«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым;

- «Урысей Федерацэм и коммунист парт» политикэ партым;

- «Урысейм и либерал-демократ парт» политикэ партым;

- «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым;

- «ЩхъуантIэхэр» урысей экологие партым;

- «Урысейм и хэкупсэ» политикэ партым;

-«ЯБЛОКО» урысей демократие парт зэгуэт» политикэ партым;

-«Урысейм и аграрнэ парт» урысейпсо политикэ партым.

ХэхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм ящыщу кандидатхэм я спискэхэр къыхэзылъхьа дэтхэнэ зыми и кьалэнщ хэхыныгъэмкIэ фондыр щызэхуихьэсын папщIэ хэхыныгъэмкIэ счёт щхьэхуэ кьыхэзыуихыну. ХэхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэр езы зэгухьэныгъэхэм ахъшэкIэ е цIыху щхьэхуэхэм, юридическэ IэнатIэхэм езыхэм я жэрдэмкIэ кърат ахъшэм я хьэкъкIэ кьызэрагъэпэщу аращ. ХэхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэхыныгъэм я фондым кьыхэкIуу ахъшэ ди мелуан 20-м щIригъэгъуну хуиткъым.

ХэхыныгъэмкIэ законодательствэм щыбзэныхуящ цIыху щхьэхуэхэмрэ юридическэ IэнатIэхэмрэ хэхыныгъэмкIэ фондым нэхъыбэ дыдэу хальхьэ хъуну ахъшэ бжыгъэри. Ар цIыху щхьэхуэхэм папщIэ сом зы мелуан, юридическэ IэнатIэхэм папщIэ сом мелуани 4 хъууэ аращ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэгъэгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къыщызрагъэпэщ: КЪР-м и ХэхакIуэхэмкIэ комиссэм, щIыналъэ хэхакIуэ комиссэу 13-м, участкэ хэхакIуэ комиссэу 355-м. Псори зэхэту абыхэм щыIэжьэнухэр цIыху минищым щIегъури, ахэр программэ хэхакIэ Iэхуэм хуагъэхьэзырынущ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ дызыкъэкIуэ хэхыныгъэхэм япэ кьихуэу хэхыныгъэмкIэ законодательствэм мыхьэнэшхуэ зиIэ, хэхыныгъэхэр зэIуахуэ икIи пэжыгъэ хэлъу егъэкIуэкIыным хуэунэтIа зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ зэрыхалъхьар. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэу къэплъытэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр щыхахкIэ хэхакIуэхэм нэгуэщI щыIэпIэхэм Iэ щаIэтыну хуит зэращI удостоверенэхэр тын зэрыщагъэтыр. Иджы Iэ щаIэт махуэм ещыр зыхихьыбдэ участкэм и щIыналъэм щымIэну дэтхэнэ хэхакIуэми хуитыныгъэ иIащ республикэм кьриубыдэу ещыр здэщыIэну щIыпIэм хиубыдэ участкэм Iэ щIэтыну. Абы папщIэ зыхуэфащэ лъэIу тхыльыр хэхакIуэ комиссэм есым и щхьэкIэ е къэрал, муниципальнэ Iэхуэтхьбзэхэр зэфIэгъэкIыныкIэ кьалэн куэд зыгъэзащIэ центрыр кьиригъэсэбэпу лъэIу тхыльэ иткIи хуейуэ аращ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэм ящыщщ кIэлъыплъакIуэхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщынымкIэ шэсыпIэхэм зэрызыубгъуэр. Иджы хэхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэу кандидатхэм я спискэхэр езыгъэтхахэм кьадэкIуэу кIэлъыплъакIуэхэр участкэхэм кьагъэIуэну хуитщ жылагъуэ кIэлъыплъныгъэм и субъектхэм - Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэмрэ.

КЪР-м и ХэхакIуэхэмкIэ комиссэм и мурадщ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм, кьэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэхуэщ1апIэхэм ящыгъуу лэжьыгъэ пыухыкIахэр иригъэкIуэкIыну. Абыхэм ящыщщ хэхыныгъэм зэрызыхуагъэхьэзырымрэ ар зэрырагъэкIуэкIымрэ телевиденэм, радиовещанэм, интернетым я зэфIэкIхэр кьэгъэсэбэпауэ хэIущIыIу щIыныр, зэIущIэ, семинар щхьэхуэхэр егъэкIуэкIыныр, волонтёрхэр Iэхуэм кьыхэщэныр.

ЦIыхуэхэм хэхыныгъэм и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитныгъэхэр кьыззгъэпэщын, хэхакIуэ комиссэхэм я лэжьыгъэр зэIуахуэ егъэкIуэкIын мурадкIэ, хэхыныгъэхэм зыщыхуагъэхьэзыр икIи ахэр щрагъэкIуэкI зэманым КЪР-м и ХэхакIуэ комиссэм пIащIэгъэкIэ цIыхуэхэр здэпсалъэ хъун телефон щIэныну. Абы и номерыр: ***(86662) 406-496***.

КьищыкъэмыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэм зэрызыхуагъэхьэзырымрэ ар зэрекIуэкIымрэ теухуа информацэр зэпымыууэ иралъхьэнущ КЪР-м и ХэхакIуэ комиссэм и официальнэ сайтым ***(www.kabardin-balkar.izbirkom.ru).***

КЪР-м и Хэхакiуэ комиссэ.

Хабзэ зыхэлъу щыта адыгэлI хахуэ Жынэ Мурат

● Фэепль

КЪБР-м щыIэ къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министр полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь «ЛIыгъэм и орденыр» иритыжащ Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм полицэм и участковэ уполномоченнэу щылэжьа, и кьалэныр игъэзащIэу хэкIуэда Жынэ Мурат и щхьэгъусэ Оксанэ.

ПОЛИЦЭМ и капитан Жынэ Мурат 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м ХьэтIохъущыкъуей къуажэм Iэщэкlэ зэщIоузэда бзаджащIэхэм щалэщIэкIуэдащ.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ полицэм и капитан Жынэ Мурат МуIэед и къуэм кьыхуагъэфэщащ «ЛIыгъэм и орден», мыпсэужу.

Ромашкин Игорь, дамыгъэ лъапIэр щритыжым, яхуэгъэзэващ хэкIуэдам и щыхьэгъусэмрэ и къуэшымрэ. Абы кьыхиутIащ Жынэ Мурат хабзэ зыхэлъ лэжьакIуэ пэжу зэрыщытар, и гъащIэ кIыхь пщIэ иIэу кьызэрикIуар, республикэм и мамырыгъэмрэ зэпIэзарытыгъэмрэ ихъумэу, офицер нэсу зэрыкIуэдар.

Жынэ Оксанэ министр Ромашкин Игорь, министерствэм и къулыкъущIэхэм фIыщIэ яхуищащ я лэжьэгъу, ныбжьэгъу хэкIуэдам и унагъуэм гулъытэ кьызэрыхущIым, сыт щыгъуи я нэIэ кьызэрытетым папщIэ.

КЪБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Егъэджэныгъэ

Къэрал экзамен ят

Илъэс зыбжанэ хъуащи, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэр жыдэжэру хэтщ Бакалаврхэм я федеральнэ интернет-экзаменхэм (ФИЭБ). Мы гъэм и мэлыжьыхьым екIуэкIа апхуэдэ къэпщытэнкIэхэм хэта щIалэгъуалэм абы щыхьэт техьэу сертификатхэр иджыблагъэ щратыжащ еджапIэ нэхъыщхьэм. Дэфтэрхэр зэщхьэщокI студентхэм экзаменым щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм елъытауэ: «дыщэ», «дыжьын», «гъуаплъэ» сертификату.

УРЫСЕЙ Федерацэмрэ СНГ-м хьыхь щыналъэхэмрэ щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я бакалавриатэр мы гъэм къэзыух студент мини 7-м щIигъу хэтащ ФИЭБ-м. Ар екIуэкIащ унэтIныныгъэ 20-м щIигъукIэ зэщхьэщыхьаер. Апхуэдэхэт, кьапщтэмэ, «Ухуэныгъэ», «Информатикэмрэ къызэрабж техникэмрэ», «ХьыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ технологиехэмрэ», «Хурбэнергетикэмрэ хурбэтехникэмрэ», «Техносферэм и шынагъуэншагъэ», «ЩIыдагъэ-гъузэ Iуэхуэр», «Экономикэ», «Кадрхэм уаззрыдэлэжьэнур» унэтIныныгъэхэр, нэгуэщIхэри. ИлъэситI лъандэрэ федеральнэ экзаменым хэт КъБКъУ-р халъытэ а къэпщытэныгъэхэр егъэкIуэкIныкIэ къэралпсо утыкуэхэм. Нэгъабэрей ФИЭБ-м ди университетым и студент 59-рэ хэтауэ щытамэ, мы гъэм абыхэм я бжыгъэхэр хуэдитIкIэ хэхъуащ икIи экзаменхэр ятащ унэтIныныгъи 8-кIэ, зыхуэдэжэ IэщIагъэхэм елъытауэ. КьинэмыщIауэ, ФИЭБ-м хэтащ ди щыналъэм щыщ щIалэхэу УФ-м и Президентым и нэIэм щIэту лажьэ Финанс университетым и студент Аттаев Кязимрэ Урысей таможнэ академием и бакалавриатыр кьэзыух Плиев Олегрэ. Абыхэми ехъулIэныгъэкIэ ятащ федеральнэ экзаменыр.

ФИЭБ-р зэрыптам щыхьэт техьэу сертификатым мыхьэнэшхуэ иIэщ магистратурэм ущыщIэтIысхьэкIи лажьыгъэ IэнатIэ щызэбгъэгъуэткIи. Апхуэдэу кьэпщытэныгъэм ухэтыныр IэмалыфIщ уи щIэныгъэмрэ зэфIэкIнымрэ здынэсыр наIуэ кьэпщытныкIи.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

И къарум хагъахъуэ

2019 гъэм тещIыхьа инвестицэ программэр гъэзащIэным хыхьэу, «Кавказ Ищхьэрэм и урысей сетхэр» АО-м и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэм зи чэзу лэжьыгъэхэр щрегъэкIуэкI.

ЗИ ГУГЪУ тщIы а IэнатIэм и IэщIагъэлIэр мы зэманым яужь итщ киловатт 35-рэ зи льэщагъ Чалмас подстанцым и Iэмэпсымэхэр щIэрыщIэу зэгъэпэщыжьым. Абы и пкъыгъуэхэр жьы хъуат икIи ток зыхуиутIыпщыну къэлъаIуэхэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуищIэжьыфыртэхьым. Ауэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, абыхэм я пIэ ирагъэувэжам я зэфIакIыр зэрынэхъ лъагэм я фIыгъэкIэ, электрокъару хуэныкъуэу закъыхуэзыгъаазэ псоми дяпэкIэ зыщIагъэкъуэфынщ.

ПодстанцыщIэм нэгъуэщIefIэкIныныгъэхэри иIэщ. Псалъэм папщIэ, вакуум реклоузерыр дагъэкIэ лажьэ щIэгъэнапIэкIэ зэрахъуэкIащ. Ар и цIыкIуагъкIи Iэрыхуэщ, уэтIпсытIи жьапщи «щымышынэщ», щIыуэпсым зи зэран езымыгъэкIщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэхэр икIи «Политикэ партхэм я Iуэхукlэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 11-м къащта Федеральнэ закон №95-ФЗ-м ипкъ иткIэ нобэм ирихьэлIэу хэхыныгъэ хэтыну хуитныгъэ зиIэхэр

1. **«Урысей Федерацэм и коммунист парт»** политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ щIыналъэ къудамэр.

2. **«Урысей зэкъуэт»** урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр.

3. «Урысейм и хэкупсэхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр.

4. **«Захуагъэ здэщыIэ Урысей»** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и къудамэр.

5. **«ЛДПР - Урысейм и либерал-демократ парт»** политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр.

6. **«ХэхъуэныгъэмкIэ и парт»** урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр.

7. **«ЯБЛОКО»** урысейпсо демократие парт зэгуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр.

8. **«ЩхъуантIэхэм я альянс»** политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ къудамэр.

9. **«Урысейм и демократ парт»** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и къудамэр.

10. **«Социальнэ захуагъэм и коммунист парт»** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и къудамэр.

11. **«Къалэдэсхэм я союз»** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

12. **«Урысейм и аграрнэ парт»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

13. **«Урысейм и коммунистхэр»** коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэр.

14. **Социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

15. **«Захуагъэм и телъхьэ парт»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

16. **«Граждан къару»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

17. **«Урысей цIыхубэпсо союз»** жылагъуэ зэгухьэныгъэм-политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

18. **«ЦIыхубэ альянс»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

19. **«Урысей Федерацэм и къэзакъэм я парт»** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

20. **«Урысей социалист парт»** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

21. **«Хэкум и хъумакIуэхэр»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

22. **«Хэку»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

23. **«ГуащIэдэкI союз»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

24. **«ЦIыхубзхэм я псалъэ»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

25. **«Урысей ГуащIэдэкI Фронт Зэгуэт»** (РОТ ФРОНТ) политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

26. **«Урысейм и интернациональнэ парт»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

27. **«Социальнэ реформэхэм я парт - щIыуэпсым и Хьэгуъуэфыгъуэхэм къапэкIуэ хъерыр-цIыхубзм»** политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр.

28. **«Урысейм и цIыхуэу зэрымыузыншэм къыхэкIыу тэмэму мылэжьэфхэм я парт зэгуэт»** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

29. **«Iуэхуфlхэм, сабийхэмрэ цIыхубзхэмрэ, щхьэхуитныгъэм, щIыуэпсым, пенсионерхэм кьащхьэщыжьи»** жылагъуэ зэгухьэныгъэм-политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

30. **«Аграрнэ Урысейр къэгъэщIэрэщIэжьныр»** жылагъуэ зэгухьэныгъэм-политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

31. **«Урысейм и цIыхубэ парт»** урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

32. **«Урысейр къэгъэщIэрэщIэжьнымкIэ парт»** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

33. **«Урысейм и цIыхубэ-хэкупсэ парт-Властыр - цIыхубэм»** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

34. **«ЩхьуантIэхэр»** Урысей экологие партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

35. **«Граждан платформэ»** политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыналъэ и щIыналъэ къудамэр.

Ди щIыналъэм и жыг хадэхэм заубгъу

Мы гъэм дыззэрытекIэрэ пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэу ди республикэм иджыри гектар 1250-рэ щыхасащ. Гектариту къудей фIэкIа къэмынэу, адрей псори пасэрей зызыужь жыг лъэпкъыгъуэщ.

А ГЕКТАРИТIЫР хухахащ жыг къуацэхэм къапыкIэ пхъэщхьэмыщхьэхэм - мамкъутым, щхьыгрыбым, санэм, нэгъуэщIхэми. Псори зэхэту иджыпсту ди республикэм пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэу иIэр гектар мин 20,5-м ноблагъэ. Жыг зыгъэкIхэр апхуэдэ бжыгъэм нэсын хуейуэ щыщытар 2020 гъэрт.

Къабзагъэ мардэкIи, зыхуейзыхуэфIэхэмкIи ди щIыналъэм ит консерв заводхэр япэ фIэIугъэхэр кьызэрыщIагъэкIыным хуэхьэзырщ. Кьапщтэмэ, языныкъуэ заводхэр джэш хъурей щхъуантIэм елэжьын щIадзащ. КЪР-м и мэкъумэш Iуэхущ1апIэхэм мы гъэм хадэхэкIыу гектар мин 16,5-рэ яIэщ.

ДЫГЪУЖЬ Бэч.

● Пшыхьхэр

Илъэс 60 гъуэгуанэ

Иджыблагъэ Налшык Iэтауэ щагъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 60 зэрырикъур.

КЪЭРАЛ концерт гъэлъэгуапIэм кьащыызэрагъэпэща махуэшхуэ пшыхьыр кьызэIуахащ ди республикэм и композитор щэджащхэм я Iэдакъэщ1кI нэхъыфIхэм хуэгъэпса видеонэтын кIэщIымкIэ.

КЪР-м и Правительствэм и унафэщIым и къуэдзэ **Къардэн Мурат** псалъэ ирата иужь, ди республикэм и гъуазджэм зегъэужьынымкIэ Композиторхэм я зэгухьэныгъэм игъэзащIа кьалэн иным, ди щIыналъэм и мызакъуэу хамэ щIыпIэхэми а Iуэхущ1апIэм пщIэ лъагэ кьилэжьын зэрыщыхуэзэфIэкIар кьыхихугъащ. Творческэ екъулIэныгъэ щымыщIэу иджыри илъэс куэдкIэ а Iэнатlэм щылэжьэну екъуэхъуащ Къардэныр пшыхьыр зыхуэгъэпсахэм.

Утыкум кьрагъэблагъа Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист **Тут Заур** хуаIэта Iэгуауэ иным пэшыр зэщIищтат. Абы жиIащ КЪР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэр кьызэрыунэхуар зи фIыгъэр псом япэрауэ совет властыр арауэ кьызэрильытэр.

- Щэн хэмылъу, совет властыми ныкъусаныгъэ гуэрхэр иIащ, ауэ а лъэхъэнэращ ди къарэ иным и хэгъэгу псоми творческэ зэгухьэныгъэхэр кьыщыунэхуар, - кьыхихугъащ абы.

Тут Заур и псалъэ.



Къардэн Мурат

А гупысысэм пищащ КЪР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **ХьэIупэ Джабрэил**. Абы щхьэхуэу я гугъу ищащ езым кьыхуагъэфэща кьупыкъум нэхъ ипэкIэ пэрыта дэтхэнэми. ХьэIупэм кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкIыжащ я творческэ зэгухьэныгъэм кьикIуа гъуэгуанэм хэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ абы зыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэмрэ.

Пшыхьыр дахэу езыгъэкIуэкIа **Къардэн Юлие** ягъэзащIэ макъамэ кьэс ар зытхэм, щатха лъэхъэнэм, зытеухуам кьызэхуэсахэр кIэщIу щыгъуазэ ищIащ.

КЪР-м и Къэрал филармонием утыку кьрихьащ Шейблер Трувор, Темыркъан Борис, Балэ Мухьэдин, Молэ Владимир, Жырыкъ Заур, ХьэIупэ Джабрэил, Растеряев Игорь, Къэбэрдокъуэ Мурат сымэ, нэгъуэщIхэми я Iэдакъэщ1кIэхэр. ЗэIущIэм уэрэд щыжаIэщ Музыкэ театрым и солистхэу **Мамбэт Мадинэ, Шэрджэс Iэсиет, Къул Ланэ, Гуаэз Тимур сымэ**.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Къэхутэныгъэ

«Нартхэм я кхъэм» и щэхухэр

Зеикъуэ пэмыжыжьэу кьыщагъуэта кхъэлъахэр Москва къикIа щIэныгъэлIхэм илъэсищ хуэауэ ядж. Къэрал тхыдэ музейм и археологие къудамэм и лэжьакIуэ гуп, Кадиевэ Аннэ зи пашэм, куууэ щIыр иратIыхат икIи, зыр адрейм и лъабжьэм щIэлъу, хьэдэ зыбжанэ кьыщагъуэтат.

И ЛЪАБЖЬЭ дыдэ щIэлъым илъэс 2800-рэ и ныбжьщ, ищхьэм телъым илъэс 2300-м ноблагъэ. Зеикъуэдэсхэм мы кхъэм щхьэкIэ «Нартхэм я кхъэ» жаIэ. Абы кьыдэкIуэуи кьыхихугъащ мы щыIы- пIэм илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ зыри зэрыщыщIамылъхьар. Кьагъуэта хьэдэхэм ящыщу тIум я щхьэпхэтIыгур кIыхьу хэшащ. Абы и закъуэкъым укъэзыгъэуIэбжьыр! Яхэтщ цIыхубз хьэдэ, и кхъэлэгъунэм нысащIэ хьэпшыпхэр, домбеякъ IэлъынкIэр, тхъэгъуэхэр, Iэпщэхъуэхэр куэду щIалъу. Iэ емыIусауэ, илъэс 2800-рэ ипэкIэ зэрагъэтIылъам хуэдэу щыпльщ нобэми. А псори «нысащIэм» кIэрылъу щIалъхьаагъэнущ. ГъэщIэгъуэнращи, хьэпшыпхэм ящыщ зыбжанэ шабзэпэм кьыхащIыкIыжауэ къахутащ.

Абы зэпэзэнэу иджыри зы хьэдэ щIэлъщ. Ар щыщIалъхьэм ильабжьэIуэкIэ щIэлъ «нысащIэм» и лъакъуэм жьахъуэу сэкъат игъуэтауэ кьыщIэкIынущ - кьупщкьэр кьэчащ. Ауэ, псом нэхърэ нэхъ телъыджэжыр гущэм зэрилъу щIалъхьа сабий хьэдэращ! Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, гущэм илъ Iэмэпсымэхэр... ЗэрытщIэщи, пасэрей зэманым адыгэхэм сабийхэм цIыбэ далъхьэу щытащ. Кадиевэ Аннэ жеIэ, гущэм цIыбэ илъу кьаГъуэтауэ. Ар щыхьэт тохъуэ илъэс миниц ипэкIэ мы щыпIэкэм щыпсэуа лъэпкъхэмрэ адыгэхэмрэ зэпхауэ, уеблэмэ зы лъэпкъыу щытауэ жыпIэу хуэбгъэфэщэным, я хьэдэ хуэIухуэщIэр, Iэмэпсымэхэу зэрахьар зэрызэщхьым тепщIыхьмэ.

Зеикъуэ и Iэгъуэблагъэм иджыри хьэдэ зыбжанэ кьыщагъуэтат. Абыхэм ящыщу илъэс 16 зи ныбжьын пщащэм ейщ. Хьыджэбзым и щхьэпхэтIыгур кIыхьщ, и дзэхэр зэрэщыту Iутщ, илъэс 2300-2400 и ныбжьщ. Апхуэдэ щхьэпхэтIыгу кIыхь зиIэ хьэдэ зыбжанэ Гундэлэн и ижьырабгъуэкIэ кьыщагъуэтауэ щытащ илъэс зытIущ ипэкIэ. ЦIыхуэхэм яфIэгъэщIагъуэнщ абыхэм я щхьэр кIыхьу хэшауэ зэрыщытар. Абы щэху хэлъхьым - а зэман жьыжьэм хабзэу щыIащ сабий цIынэм и щхьэр быдэу якъузрэ, щхьэпхэтIыгур кIыхь ящIыу. КьызэрагъэпытэмкIэ, абы цIыхур нэхъ губзыгъэ ищIырт, лъэпкъ уардэ, лъэпкъ цIэрыIуэ кьызэрыхэкIам и нэщэнэт. Псалъэм и хьэтыркIэ, Мысырми щыIащ апхуэдэ хабзэ - я пщэр кIыхь ящIын папщIэ, илъэс къэс зы пщэхъу лейуэ иралъхьэрт, я щхьэр якъузурэ хашырт. А хабзэ гъэщIэгъуэныр Къухьэпlэ Европэмкlэ кьикIыу, Кавказым къэсауэ кьалъытэ щIэныгъэлIхэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

УНЭЖ Кашиф, *философие щIэныгъэхэм я доктор*

Пасэрей адыгэхэмрэ алыджхэмрэ я щэнхабзэхэм зэщхьу узыщрихьэлIэхэр

● Къэпкъ къуэпсэр

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №71-м итщ).

Сабий къалъхуагъащIэр и гъусэу Сэтэней бгыхэм кIуаш, абы гъуаплъэм къыхэщIыкIа гущэ щицIри, сабийр щипIаш икIи къэзыпхъуа и анэм къарукIэ ефIэкI хьуху игъэшхащ. Щауей пелуан хьуа иужькIэ Сэтэней ныбжьыщIэр и анэм деж ишэжащ.

Щауей и гъусэу Сэтэней къызэрыкIуэжыр щипIэгъум, иныжьыпхъур кьапежьащ, и къуэр ишхыну и мураду. Щауей и анэр иубыдри абы и къарур фIэкIуэдыху иудыныщIащ. Иныжьыпхъум къыгурыIуащ и къуэр зэримышыжьыфынур.

Сэтэней, Щауей и адэм иритыжри, езыр ежьэжащ.

Хьыбарым и нэгъуэщI къудамэм зэрыжиIэмкIэ, сабийм и бынжэр пызыупщIа фызыжьыр Нэрыбгей и губжьым щышынэри, ар пхъэбгъу зэIуплIам илъу псым хидзащ. Ар нарт цIыхубзым къигъуэтри иплащ. Пэжу, апхуэдэ хьыбар лIэужьыгъуэм лъэпкъ куэдым я деж ущрохьэлIэ.

Зевс и гугъу щытщIкIэ, дэ къэтлъытэн хуейщ ар хьэтхэм я деж икIыу пасэрей адыгэхэм я деж зэрыкIуар. Хьэтхэм Касиу тхьэр яIащ, алыджхэм я деж ар Зевс щыхъуащ. Зэрытпъагъуэ, абы ехьэлIа къыбгъэри ялъщIыкIэ къыщежьар хьэтхэм я дежщ. МафIэм и тхьэ алыдж гъуэкIэ Гефест ебгъапщэ хьунущ мафIэмрэ гъуэкIэ Iэщагъэмрэ я тхьэ адыгэ Лъэпщ: тIуми мафIэр къагъэIурыщIэ, тIуми зэхуэдэ ныкъуэдыкъуагъэ яIащ. Гомер и «Илиада»-м дыкъыщоджэ:

«Тхьэ уахътыншэхэр жеину
зэбгырыкIащ -
Щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ.
Ахэр кIуащ зи лъакъуитIри
къызыдэмыбз Гефест
Унэ дахэхэр икIи абрагъуэхэр
щахуищIа щIыпIэхэм».

«Лъэпщ и гъущI лъакъуэхэр» нарт хьыбарым итри абы ещхьщ.

ИпэкIэ къэтхьа статырхэм къагъэлъагъуэ Гефестти Лъэпщи я лъакъуэхэр кьадэмыбззу зэрыщытар. Абы къыдэкIуэри тIуми я кIыщхэр лъакъуэхэм ялъэжьжьэ бгъуэнщIагъым щIэтт.

Алыджхэм я Прометейрэ адыгэхэм я Нэсрэн ЖьакIэрэ зэщхьыркъабзэщ. Прометей (алыджыбзэкIэ а псалъэм къэкIуэнур зыIыгъуэ, тхьэгурымагъуэ жиIэу аращ) Кавказ бгым кIэралыIат тхьэхэм мафIэ къафдигъуэу цIыхухэм къаозрыхуихьам къыхэкIыну. Мыбдеж къыщыдгъэщхьэкIынщ. Зевс и унафэкIэ, ар тхьэ икIи гъуэкIэ Гефест Кавказ къуршхэм я щыгум зэрыриIулIар. Махуэ къэс Прометей и деж къэлъатэрт бгъэ абрагъуэри абы и тхьэмащIыгъуэр пхишхыкIырт. Жэщым Прометей и уIэгъэхэр кIыжырт, арщхьэкIэ етIуанэ махуэм псоми къыщIидзэжырт. ИкIэм-икIэжьым Геракл гъуэгуанэ жьжьэ зэпичащ, Кавказым кIуэри, Прометей хуит къыщIыжащ. «Батэрэз бгыщхьэм кIэралыIа Нэсрэн ЖьакIэ хуит къызэрищIыжар» нарт хьыбарыр теухуащ тхьэпэлъытэ Пэкъуэ нартхэр мафIэншэу къызэригъэзнам. Апхуэдэу щхьэм, ахэр Нэсрэн ЖьакIэ елъэIуащ ящIэнумкIэ чэнджэщ къаритыну. Жэуапу яритыжащ: «Сэ ар Пэкъуэ нэджэIуджэ къытесхьжынщ». Ауэ Пэкъуэ Нэсрэн ЖьакIэ быдэу Iуащхьэмахуэ трипхащ. Лъы зыфIэфI бгъэ иIэти, ар махуэ къэс къигъэлъатэурэ нартхэм я тхьэмадэм игури и тхьэмащIыгъури гущIэгъуншэу иуIэт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, нартхэм ар ягу техуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, абы къыхэкIыу Батэрэз Нэсрэн ЖьакIэ хуит къыщIыжащ. Нарт хахуэм бгъэ лъыифри Пэкъуэ и щхьэхъумэ Ажалри иуклащ. Ар щилъагъум Пэкъуэ щIыпIэр ибгынащ, Батэрэз Нэсрэн ЖьакIэ къыщIэжащ.

Мыбдеж дэ щыдолъагъу Прометейрэ Нэсрэн ЖьакIэрэ гугъу езыгъэхьа бгъэ лъыифкэр Гераклрэ Батэрэзрэ зэрауклар. А хьыбаритIри зэщхьыркъабзэщ. Абыхэм хэт лIыхъжьхэрэ я IэхъущIафэхэмкIэ зэпэгъунэгъущ. Прометеи Нэсрэн ЖьакIи Кавказыбгхэм кIэралыIаеу щытащ. Зи гугъу тщIакэм дигу къагъэкIыж Фракием и пащтыхь Финей гугъу езыгъэхьу щыта бгъэжьыр зэрауклА хьыбарыр. «Аргонавтхэр Финей и деж щыIэщ» таурыхъым къыщыгъэлъэгъуащ Аполлон Финей тезыр зэрыгрилъхьар. Иужьрейм Зевс и щхьухэр цIыхухэм яжриIэрт, Аполлон къэхъунукъэщIэнym зэрыщыгъуаззэр кьигъэсэбэпурэ. Аполлон Финей нэф ищIащ, тхьэхэм абы ирауГыпщащ бгъэ теплъэ зиIэ нэджэIуджэхэр. Финей и унэм къэлъатэурэ абыхэм ерыскъыу псори яшхырт икIи узымыгъэбауэ мэ Iей абы къыщIанэрт. Тхьэхэм Финей жраIащ Борей и къуэт! дамэ зытетхэр, Зетрэ Каландрэ, яхэту аргонавтхэр езым и деж къэкIуа иужь тезырыр зэрыщхьэщахьжынур. А тIум бгъэхэр ирахужьащ яукIын мурадкIэ, арщхьэкIэ тхьэхэм я лIыкIуэ Иридэ къызэтриГъуэвIащ, а къуалэхэр Финей и унэм афIэкIа зэрымылъэтэжынур яжриIэри. ФIыщIэ папщIэу Финей аргонавтхэм яжриIащ Колхидэм дыщэм къыхэщIыкIа мэльифэр къызэрыщагъэтынур. Мы хьыбарри, Прометейрэ Нэсрэн ЖьакIэрэ ятеуха Iуэтэжхэри зыгурэкIкIэ Iэщхьщ, Псом япэу къыхэдгъэщынщ Финей теухуа таурыхъыр фракийхэм къаззрыбгъэдэкIар. Абы щыгъуэми еджагъэшхуэ зыбжанэми къыхагъэбелджылыкI адыгэхэмрэ фракийхэмрэ лъыкIэ зэрызэгъэнэгъур. Араши, фракийхэм я таурыхъымрэ нарт хъыбарымрэ зэщхь щIыхэлъым и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ.

ИДжЫрИ зы зэгъэпщынагъэ къэтхъыныж - Полифем иныжь нэ лъэныкъуэм теухуа алыдж таурыхъымрэ «Бэдынокъуэ иныжь нэ закъуэм зэрытекIуар» нарт хъыбарымрэ. Абы къыщигъэлъэгъуащ нарт Хьэгъур, езым и къуэшхэр и гъусэу, Иныжь нэ закъуэм и гъэр зэрыхъуар. Иужьрейр бгы лъапэм щIэт мэзым и гъунэгъуу щыпсэурт. Иныжьым Хьэгъур и къуэш псори ишхащ, ауэ езым Иныжьым и нэ закъуэр ириШIри, джэдхэу абрагъуэм и ныбафэ щIагъым щIэту, бгъуэнщIагъым къыщIэкIыжьфащ. ИужькIэ Хьэгъур Бэдынокъуэ хуиIуэтэжащ и Iэ лъэныкъуэр зэрыфIэкIуэда щIыкIэр. Хьэгъур къызэригъэпщар Иныжьым къыгурыIуа иужь, ар абы къыкIэлъыгуоуащ, къызэрытекIуам папщIэ и Iэлъыныр тыгъэ къыхуищIыну къыгъэгугъэу. Iэлъныныр апхуэдизкIэ инти, ар и Iэм зэрырилъхьэу зууэ хуежьащ. Иныжьыр къыкIэлъыпхъэращ икIи Хьэгъур Iэлъныныр зыфIэлъ и Iэр пиупщIыжьым хуейт хуащ, зыкъригъэлъын папщIэ. Хьэгъур едэIуа иужькIэ, Бэдынокъуэ тхьэ иIуащ абы илъ ищIэжьну. ИкIи, Иныжьым и щхьэр пиупщIри, и псалъэр игъэпэжащ.

Иныжь нэ закъуэм теухуа алыдж таурыхъым дэ къыджеIэ Трое къыщикIыжьым Одиссейрэ абы и гупымрэ Полифем иныжьым гъэру иубыдауэ. Абы ахэр бгъуэнщIагъым щIиубыдэри, чэзу-чэзууэрэ ишхыу щIидзащ. Одиссей хьилэшым хуэзфIэкIащ и ныбжьэгъуэхэри къыригъэлын, езыри иныжьым къыIэщIэкIын. Полифем шагъыр иригъэфа иужь Одиссей къеупщIащ: «Уи цIэр къызжепIэмэ, тыгъэ пхуэсщынщ». Одиссей жиIащ цIэминыгъэкIэ къеджау. Иныжьым къигъэгугъащ: «Сэ уэ иужьрейуэ усшхынщ. Аращ сэ си тыгъэри». ИкIи дыхьэшхащ. Полифем шагъыр игъэжея иужькIэ гупым абы и нэ закъуэр иращIащ. Одиссейрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ бгъуэнщIагъым къыщIэкIыжащ мэл абрагъуэхэм я щIагъым щIэту.

Мыбдеж дэ зэщхь куэд хьдолъагъуэ иныжь нэ закъуэм теухуа алыдж таурыхъымрэ Емынэжь теухуа нарт хъыбарымрэ. АрщхьэкIэ хъыбаритIми занщIэу къыщымыгъэлъэгъуа нэгъуэщI гуэрхэми гу лъывэдгъэтэну дыхуейт. Япэрауэ, иныжьхэр щыпсэу щIыпIэм и гугъу щищIкIэ, Гомер и «Одиссея» поэмэм дыщрохьэлIэ:

«Щыlэщ абы lэнэщIу икIи
зэщIэкIащ хьITыгу цIыкIу;
Ар здэщыlэр тенджжьэм хэт
щIыпIэ фIыцIэрщ,
Иныжьхэр зыIус Iуфэм
пэмыжьжьэу икIи пэмыблагъэу
Мэзкlэ щIэуфащ; мэз бжэнхэр
щикуэдыкIейуэ
Щохъуакlуэ, ахэр зэи цIыху
хуэзакъым,
Iэуэльауи зэхахакъым, зэи
зыри ещкIуакъым...»

Адыгэ нарт хъыбарми зи гугъу ищIри аращ: «Да зэхэтхащ а щIыпIэм Къуэ ФIыцIэкIэ зэреджэр. Абы мэз бжэн щыкуэдт, езы щIыпIэр шынагъэми».

Зэрытпъагъуэщи, хъыбаритIми иныжьхэр щыпсэу щIыпIэхэр мэзыльэщ, мэз бжэнхэр щыкуэдщ, абы-хэм зыри щыщакIуэркъым. ЕтIуанэрауэ, алыдж таурыхъымрэ Одиссейрэ абы и ныбжьэгъуэхэмрэ Иныжьым и бгъэунщIагъыр, мэлхэм я щIагъэм зыщIагъапщкIуэу, ябгынамэ, Хьэгъур теухуа нарт хъыбарым къыщыгъэлъэгъуащ джэдхэу абрагъуэм и щIагъым щIэту ар Иныжьым зэрыIэщIэкIар. Пэжщ, алыдж хъыбарым Одиссей зызыкIэщигъэпщкIуа тIым Полифем иохъурджвауэ, иужьу бгъуэнщIагъыр зэрибгынам къыхэкIыу.

Дэтхэнэ хъушэми япэ иту кIуэ джэдхэкIу пашэхэр мэлыхьэхэм зэрагъэгъыр хъэпльытэмэ, Полифем иIэн хуеяр тIыкъым, атIэ джэдхэущ. Алыджхэр мыбдеж щыщыуагъэнщ. Ар щыхьэт тохъуэ мы хъыбарыр адыгэхэм я деж къыщыщащтэм алыджхэм джэдхэуар тIыкIэ зэрызэрахъэжIам. АрщхьэкIэ ижь-ижьыж льандэрэ къызэрекIуэкIар мэл хъушэм япэ иту джэдхэум къикIухьущ.

АЛЫДЖ лIыхъужь Танталрэ нарт Сосрыкъуэрэ я хьэлхэр зэрызэщхьым щыхьэт техъуэ куэди дрохьэлIэ. Апхуэдэ дыдэу, Сосрыкъуэ альдж Ахиллеси я кIуэдыкIар зэтохуэ. Щапхъэ хьэтхъынщ: Олимпым къыщIэхьжкIэ Тантал тхьэхэм я ерыскъы амроз-зиемрэ нектаррэ къызэдищтэрт икIи ахэр и ныбжьэгъуэхэм ящиугъэшырт. Апхуэдэу яхуиIуатэрт тхьэхэм я щхъхэрэ. Абы къыхэкIыу Зевс тезыр къыгрилъхьащ икIи Аид пащтыхьыгъуэм къыщигъэхутащ. Абы теухуауэ «Одиссея» поэмэм жеIэ:

«ИужькIэ слъэгъащ сэ укIыкIейуэ
ягъалIэ Тантал:
Гуэн хужьым ар псым щыхэтт и
пщэм къэсу икIи
Псы хуабжьу хуэлIэми,
ефэфыртэкъым.
Ефэн мурадкIэ и пщэр
зэрыришэхыу,
Псыр щIэпхъуэрт, ауэ ари
щIагъ фIыцIэрт, ауэ ари
нэджэIуджэм ирифырт.
ИщхьакIэ дэплъейми, жыгхэм
пхъэщхьэмыщхьэ куэд ялытт:
МыЗрыси, кхъужьи, дыщэпскIэ Iа
нэгъуэщIхэри -
Псори зэщIэгъагъэрт.
Шхын щхьакIэ лIэм и Iэкэр
пхъэщхьэмыщхьэкэм
зэрахуишийуэ,
Жыгхэм я къудамэ псори пшэ
фIыцIэкэм ягъэтщыкIырт».

Нарт хъыбарми къызэрыхэщымкIэ, тхьэхэм Сосрыкъуэ санэ ирагъэфащ, лIыгъэ зэрыхэлъым къыхэкIыу. Псатхьэ Сосрыкъуэ санэ фальэ къритащ. А фадэр апхуэдизкIэ игу ирихьати, Сосрыкъуэ щIэлъэIуащ аргуэру ирагъэфэну. АрщхьэкIэ тхьэхэм лIыхъужьхэр фадэ зэрырагъафэр зэ закъуэт. Итани, Лъэпщ хуэзфIэкIащ Сосрыкъуэ етIуанэ фальэри къратыну тхьэхэр къигъэдэIуэн. Ар къипхъэтэри, Сосрыкъуэ Iуащхьэмахуэ къридзыхащ: «Фэ фызэфэ фадэри цIыху цIыкIуэхэм я фадэ ирехъу!» - жиIэри. Сэтэней ядэIэпыкъуурэ нартхэм зрагъэсащ а фадэр ящIыфу.

ХъыбаритIми зэрыхэтлъагъуэщи, Тантали Сосрыкъуэ тхьэхэр къагъапцIэри, я щхьухэм цIыхухэр щыгъуазэ ящIащ. Ахиллесрэ Сосрыкъуэрэ я гугъу пщIыми, зэщхь куэд щыцIолагъу. Апхуэдэхэщ дунейм къызэрытехьа щIыкIэхэри, я тIасхъэпIэхэри, зэрахьа лIыхъужьыгъэри, зэрыкIуэда щIыкIэри. Псалъэм папщIэ, къалъхуа иужькIэ тIуми я Iэпкъльэпкъхэр япсыхьащ, арщхьэкIэ тIасхъапIэхэр къэнащ, ахэращ тIури зэрыкIуэдыкIари.

Къапщтэмэ, Ахиллес и лъэдакъэр Парис и шабзэшэм пхиудащ, Сосрыкъуэ и куитIыр бгыхэм кърадзыха жаншэрхъым пиупщIащ.

Къыхэгъэщын хуейщ Сосрыкъуэ и хьэлыр адрей алыдж лIыхъужьхэмри ебгъапщэ зэрыхъунур. Сосрыкъуэ ещхьщ алыджхэм я тхьэ Дионис. Ипэрейм хуэдэу, Дионис жызымей кьеГъуэт икIи цIыхухэр жызым яГъэкIыу, шагъыр щIахуу ирагъасэ.

Алыджхэм я тхьэ Адонис Сосрыкъуэ къытохуэ, тIури дунейм къызэрытехьа щIыкIэмкIэ. Адонис пхъэ куэдыгъэ, нарт лIыхъужьыр мывэ кIуэцIым кърахащ. Прометей хуэдэу, Сосрыкъуэ цIыхухэм марПэ къахуехь.

Пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ я хъыбар куэдым дащрохьэлIэ цIыхухэм чэнджэщ Iущхэр ешыт нэхъыжьыфIхэм. Алыджхэм я деж а къалэныр куэдрэ щегъэзащIэ Нестор, адыгэхэм Тхьэмадэ Iуащ яIащ. Иужьрейм иджыри къэс мыхьэнэшхуэ зиIэ увыпIэ щиIыгъщ адыгэхэм я жылагъуэ, унагъуэ гъащIэми.

Пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ я хабзэхэм зэбгъапщэ хъун куэд хэлъщ. Ахэр хьыбларуэ Гомер и «Илиада», «Одиссея» поэмэхэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, Трое зауэм и зэманым Нестор адыгэ джэгуакIуэм и къалэныр игъэзащIащ. «Илиада» поэмэм абы зауэлIхэм мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ защыхуегъаз:

«Данай лIыхъужь Гъуэзджжэ,
Арес и блигущIэтхэ!
Бийм фезауэ, зэкIэ къуентхъ
къэвмыпхъуатэ,
ЗауэлIхэм яужь зыкъивмынэ,
Къуентхъ нэхъыбэ унэм кхъфхьын
мурадкIэ».

Апхуэдэ псалъэхэмкIэ адыгэ джэгуакIуэхэми зыхуагъазэу щытащ зауэм Iухьэхэм. Ахэр хахуэхэм яхуэсэрт, гу махэхэм, шынэкъэрабгъэхэм ятеХъущIыхьырт.

Пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ я зэуэкIэми зэщхь мымащIэхэр яхьдольагъуэ. Пасэрей адыгэ хабзэмкIэ, зауэлI кьаукIарэ абы и хьэдэр бийхэм яIыгъ щIыпIэм къыщынамэ, адыгэхэм абы и хьэдэр къащтэжьи е къащэхужьи хуей хьурт. Я ныбжьэгъум и хьэдэр зыБзарагъэхьжьи папщIэ, бийхэмебгъэрыкIуэурэ гупышхуэ щыхэкIуадэ щыIэт. Ар къемыхъупIамэ, къащэхужьырт.

«Таймс» газетым и корреспондент Лонгворт Джон XIX лIэщIыгъуэм Урыс-Кавказ зауэм щитхыгащ: «Я хэкуэгъуэхэм ящыщ зауэ губгъуэм къинамэ, куэдыр ар къыщаукIа щIыпIэм макIуэ абы и хьэдэр къащIэжьину. А зауэзым нэгъуэщI щыхухэр зэрыхэкIуадэри къафIэуэхукъым». Шэрджэсхэм я гъащIэмрэ хабзэмрэ хуабжьу кIэлыплъа Монпере Фредерики итхыгъащ адыгэхэм «зауэм хэкIуэдахэм я хьэдэхэр къызэращэхужьыр». Мыбдеж дигу кьыщыдгъэкIыж хъунущ Гектор и хьэдэр къызэращэхужа щыкIэм теухуауэ Гомер итхари. «Илиада»-м дыкъыщоджэ езым и куэр кьыщэжьын папщIэ налкъут куэд къэзыкъа Пириам лIыжьыр Ахилл фIэгуэныкъ зэрыхуар икIи ар пщIэншэу зэрыритыжар.

Пасэрей адыгэхэр шынэкъэрабгъэхэм ятеплъэ хъуртэкъым, уеблэмэ апхуэдэхэм къэрабгъэджанэрэ къэрабгъэпыIэрэ щатIагъэрт.

Пасэрей алыджхэми абы ещхь хабзэ яIаш. Плутарх къыхигъэщыкъэхукIащ лIыхъужьхэм я мызакъуэу, къэрабгъэхэми Спартэм уэрэд щыхуаусу зэрыщытар. Ауэ я уэрэдхэр зэщхьэщыкIырт. Зэуапlэ губгъуэр къагъанэу щIэпхъуэжахэм нэмыплъ иратырт, Лермонтов Михаил и «Къуэрыкъуэсэж» поэмэм къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу.

Мыбдеж пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ кудкIэ щызэтохуэ. Щапхъэ зыпIуц къэтхьынщ: «Спартэм щыщ гуэрым и анэм хуиIуэтэжащ езым и къуэшым и псэр лIыхъужьым хуэдэу зэритар. Абы бзылъхугъэм пидзыжар мыращ: «Уэ уукIытэркъэ, апхуэдэу уи псэр зэрымытам щхьэкIэ?!»

Спартэм щыщ нэгъуэщI щIыхубзым и къуитхури зауэм игъэкIуат. Къалэгъунэм Iуту ар пэплъэрт, зауэр зэриухам теухуа хъыбарыр къишIэным. Гъунэгъуу блэкI щIыхуэм къыжриIащ абы и къуэхэр псори зэрыхэкIуэдар. «Аракъым уэ сыныщIоупщIар, - кIиящ щIыхубзыр. - Я Хэкум и Iуэхур зыхуэкIарц». Спартэр зэрытекIуар къыщыжриIэм, бзылъхугъэр гуфIащ: «Апхуэдэу щыщыткIэ, сэ сыщогуфыкI си къуэхэр зэрыхэкIуэдам».

Апхуэдэ щытыкIэхэм къихутэрт адыгэ щIыхубзхэри. Урыс-Кавказ зауэм и зэманым зы бзылъхугъэм и къуищри зэхэуэхэм хигъэхьащ. Мыгувэу къыхуаIуэхуащ тIум лIыгъэ яхэлъу я псэр зэратар, ещанэр зэрыпсэур. А хъыбар гуауэр хуэзыхьам еупщIащ анэр: «Абы езым и къуэшхэм ялъ ищIэжа?» Мыдрейм жэуап ириташ, бийр къарукIэ къызэрелъкIым къыхэкIыу, апхуэдэ Iэмал ещанэм зэримыГар. «Апхуэдэу щыщыткIэ, сэ сиIар къуитIщ», - пиупщIащ и псалъэр щIыхубзым. НэгъуэщI адыгэ бзылъхугъэм и къуэ закъуэр зауэм щигъакIуэм, щIалэм и Iэблэм щэкI плъыжь ирищIащ: «ЗэгъащIэ, си къуэ, уэ мы щэкI плъыжьыр уи Iэблэм ищIауэ утекIауэ къэбгъэззэжьи е хьэдэу укъахьыжьи хуейщ».

Шэрджэсхэм я бийуэ Урыс-Кавказ зауэм хэта декабрист Лорер адыгэхэм къадекIуэкI апхуэдэ пасэрей хабзэм теухуауэ игу къиГъэкIыжахэр гъэщIэгъуэнщ. Зи гугъу ищIыр Раевскэрэ зэхэуэм хэкIуэда шэрджэсхэм я хьэдэхэр иратыжину лъаIуэу абы къыхуэкIуа адыгэпщымрэ яку дэлъа псалъэмакъырщ. «Сэ зэи сщыгъупщэжьнукъым абыхэм яку дэлъа псалъэмакъыр», - итхьжащ Лорер. - «Сыт фэ ди пащтыхьыщхьэм и жыIэм фыщIэмыувэр? - еупщIащ Раевскэр пщым. - Сыт лъыр щIэвгъажэр пщIэнщэу? СощIэ фи деж, бгыхэм, инджылыз Бёлл зэрызыщигъэпщкIыр. Абы фыкъегъапцIэ, инджылызыр къыбдэIэпыкъуну жиIэурэ. АрщхьэкIэ, фи фIэщ фщIы фэ зыри къызэрывдэмыIэпыкъунур, абы и пIэкIэ езыр фыпхи къыдэфт, абы пэкIуэри ди пащтыхь къулей дыдэм налкъут куэд къывитынущ». Тэрмэшыр къиГъэсэбэпри, пщым Раевскэм мыпхуэдэ жэуап ириташ: «Сэ сфIэтельыджжщ генералым и псалъэхэр. Фи пащтыхьыр апхуэдизу къулеймэ, сыт дэ ди къулейсызыгъэм къыщIехъуапсэр, ди бгы лъапэ къулейсызхэм ху щыхэтсэну Iэмал къыщIыдимытыр? Апхуэдэу щыщыткIэ, фи пащтыхьыр егъэлеяуэ нэпсейуэ къыщIэкIынущ. Инджылыз Бёлл и гугъу пщIымэ, дэ ар фэ фэттыфыныкъым, ди ныбжьэгъущи, ди хьэщIэщи, икIи фы куэд къыткъуещIэри. Фэ фхуэдэ дыдэу дэри къытхэтщ къэпщэху хъуну напэнщэхэр, арщхьэкIэ, дэ, пщыхэр, лаКъуэрIэшхэр, сыт щыгъуи дыхьэрэмыгъэншэщ икIи фэ фиIэкъым а гъуэгум дытезышыфыну дыщи, дыжьыни, налкъутри».

Сэ гу лъыстащ Раевскэр зэрыкIытам икIи зэтекIутауэ зэтелъ хьэдэхэр пщым иратыжыну псынщIэу унафэ зэрищIам. Апхуэдэу бгырысхэм къащтар фочышэхэмкIэ яуклаХэм я хьэдэхэрщ: мыжурэр къагъэсэбэпыныр абыхэм хьэрэмыгъэу къалъытэрт.

- Языныкъуэ хьэдэхэм я Iэблэхэм хьыдан плъыжьхэр зэриплъам сэ гу лъыстащ. КъыжаIащ зауэм щагъакIуэкIэ, цIыхубзхэм щыхухъухэм я Iэщхьэхэм ар зэрыраЛъхьэр: е утекIуэн е улIэн - аращ абы къикIыр. Пасэрей алыджми щыжаIэу щытакъэ: «Е мэлухэр пIыгъэу укъэкIуэжьин е абы утелъу укъахьыжьин. Ещхьыбгъэщ...».

Пасэрей алыджхэмрэ адыгэхэмрэ я зэуэкIэм нэгъуэщIхэри щыIэтехуэу щытащ. Псалъэм папщIэ, бийм щеЗауэм лIыгъэ и къыкъэзыгъэлъэгъуа урыс офицер хэкIуэдамэ, шэрджэсхэм зауэлI гуп яГъакIуэрт абы и хьэдэщIэлъхьэм хэтыну. Хэбгъэзыхьмэ, апхуэдэ Iуэхум хуэщыгъуэу махуищкIэ зауэр яГъэувыIэрт.

Апхуэдэ дыдэ хабзэ яIащ пасэрей алыджхэми. Гомер и деж дыкъыщоджэ: «Махуэ дапщэ уэ Гектор щIэращIэр щIэлпльхьэным тебгъэкIуэдэнур? АпщIондэхукIэ сынозэуэнкъым, ахейхэри сутIыпщынкъым».

Адыгэхэм мыпхуэдэ хабзэ яIащ: махуэм зэззуа льэныкъуэхэр пщыхьэщхьэкIэрэ хьэщIэу зэхуэкIуэрт, дэтхэнэри ебгъэрэлагъэрт, адыгэ хьэщIагъэ ирахыу. АрщхьэкIэ нэху зэрыщу, лъэныкъуэхэр зэпэщIэувэжырт.

Iэщхэм я гугъу пщIымэ, ахэри щызэтехуэрт алыджхэмрэ адыгэхэмрэ я деж. Зи гугъу тщIыр хьэджэсэрт, Къамэхэм, сэшхуэхэм, джатэхэм къадэкIуэу, ахэр адыгэхэми алыджхэми сыт щыгъуи зэрахьэрт.

Щыгъынхэм я гугъу пщIымэ, спартэхэм щыщхэри адыгэхэри зауэм Iухьэрт щэкI плъыжьым къыхэщIыкIа джанэхэр ящIыжу.

Мыбдеж къыщытхъ хъунущ ажалыр къыхэзыха тылейхэм (дзэгъащтэхэм) я щапхъэр. Абыхэм езыхэм яфIэфIу бийм зрагъэукIырт. КъапэщIэуэвар нэхъ къарууфIэу икIи куэдагъкIэ кьебэкIыу щытмэ, адыгэдзэм къыхэкIырт лIэным хуэхьэзыр зауэлI ныбжьыщIэхэр. Апхуэдэхэм зэрызауэфащэхэр зыщахырти, щэкI плъыжьым къыхэщIыкIа щыгъын зыщатIагъэрт. Дзэм яIэ иувэрти, тылейкэр бийм ебгъэрыкIуэрт, псэууэ къыззтенэнымкIэ зы гугъапIэ гуэри ямыIэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, тылейм езым и лъахэм папщIэ и гъащIэр итырт. Уеблэмэ, къыщыхъу щыIащ апхуэдэ лIыгъэм и сэбэпкIэ щэрджэсхэр теКIуэу езы дзэгъащтэхэри псэууэ къыщыззтена. Бийм ебгъэрыкIуэри, псэууэ къыззтенэнымкIэ зы гугъапIэ гуэри ямыIэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, тылейм езым и лъахэм папщIэ и гъащIэр итырт. Уеблэмэ, къыщыхъу щыIащ апхуэдэ лIыгъэм и сэбэпкIэ щэрджэсхэр теКIуэу езы дзэгъащтэхэри псэууэ къыщыззтена. Бийм ебгъэрыкIуэри ипэкIэ апхуэдэ щIыкIэкIэ зы гугъапIэ гуэри ямыIэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, тылейм езым и лъахэм папщIэ и гъащIэр итырт. Уеблэмэ, къыщыхъу щыIащ апхуэдэ лIыгъэм и сэбэпкIэ щэрджэсхэр теКIуэу езы дзэгъащтэхэри псэууэ къыщыззтена. Бийм ебгъэрыкIуэри ипэкIэ апхуэдэ щIыкIэкIэ зы гугъапIэ гуэри ямыIэу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, тылейм езым и лъахэм папщIэ и гъащIэр итырт. Уеблэмэ, къыщыхъу щыIащ апхуэдэ лIыгъэм и сэбэпкIэ щэрджэсхэр теКIуэу езы дзэгъащтэхэри псэууэ къыщыззтена. Бийм ебгъэрыкIуэри, псэууэ къыззтенэным

Экономика Политика

Махуэку

Лъэпкъ Къэхъулъ Жылагъуэ Гупсыс

Алыджырэ Урысеймрэ

Бзэмрэ литературэмкIэ я илъэсыр Салоники къыщыдзэIуахащ

УФ-м и Президентым нэгъуэщI къэралхэм щэнхабзэ IуэхуэкIэр ядэщIэныжкIэ и лIыкIуэ Швыдкой Михаилрэ Алыджым и лIыкIуэ Урысеим щыIа Клис Илиасрэ Iэ щIадзащ зэрызэдэлэжьэнум. Ауэ мы Iуэхур нэхъ апэIуэкIэ къежьащ.

2018 гъэм и дыгъэгъазэм Президент Путин Владимиррэ Алыджым и Правительствэм и унафэщI Дмитрий щыжиIащ къэралым и цIыхухэм я Iыхьэ плIанэр жыгъэ хуегъэзэкI ныбжьым зэриты, икIи абыхэм Iэмал яIэн зэрыхуейр лэжьэну, жыджэру жылагъуэ Iуэхуэм хэтыну, я узыншагъэм кIэльагъэплъыну.

Псом апэу гулъытэ зыгъуэтыпхъэр дэIепыкъуэгъуншэу къанэхэращ. Абыхэм щхьэкIэ къызэрагъэпэщащэжьнущ унэ-интернатхэр. УнафэщIым жиIащ иужьрей илъэсхэм я Iуэхущ1апIэхэр зэрыдзэхуэпар, щыIэхэр къэгъэщIэрэщIжьын, здэщыныIэ щыналъэхэм ахэр щыухуэн зэрыхуейр. Ди къэралым а Iуэхуэм тригъэкIуэдэнущ сом меларди 2,3-рэ.

Цыхьр пенсэ кIуэгъуэ ныбжьым щынэсыжьыр, хуейуэ щытмэ, и лажьыгъэм пищэфын хуэдэу узыншагъэ иIэн щхьэкIэ гъэ къэс апхуэдэжэм дохутырхэр къеплъынущ. Псалъэм папщIэ, къэкIуэну илъэситхум нэхъыжьхэм я процент 70-м я узыншагъэр къапщытэнущ. Мы Iуэхур къуажэхэм нэхъ хэкъуэзауэ щекIуэкIынущ, къалэдзэсхэм елъытауэ къуажэдзсхэр нэхъ гъащIэмащIэщи.

Къыхэгъэщыпхъэщ Iуэхум къызэрыхалъхьар поликлиникэм кIуэну къызэхьэлъэкI, ар зыхуэзфIэмыкIын зэрыщыIэр. Апхуэдэхэр поликлиникэм къэзышэн транспорт щIыналъэ къэс яIэнущ. КIынэмыщIауэ, унэм кIуэуэ я нэхъыжьхэм я узыншагъэр зыщIэлъщIэ дохутыр гуп зэрагъэуIынущ. «Мобильная бригадэ» жаIэ абы щхьэкIэ, апхуэдэ гупу минищ къызэрагъэпэщынущ ди къэралым. щыналъэхэм транспорт иратынри иужьрейуэ зи гугъу тщIари мы гъэм щыщIэдзауэ зэфIагъэкI Iуэхущ. Къапщтэмэ, лажьыгъэмкIэ министр Топилин Максим жиIащ бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ УФ-м и щыналъэ псоми зэгурыIуэныгъэ зэрыращыIлIэнур автотранспортым теухуауэ. Мы Iуэхум трагъэкIуэдэнущ сом меларди 2,3-рэ.

● Ди нэхъыжьхэр

Я псэукIэр нэхъ зэIуэзэпэщ хъун папщIэ

Иужьрей тхьэмахуэхэм хьыбарыфI зыбжанэ къытIэрыхьащ ди къэралым нэхъыжьхэм щагъуэтыну гулъытэм тетухуауэ.

«Демография» лъэпкъ проектыр гъэзэщIа зэрырихъум теухуа зэIуэщIэм УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий щыжиIащ къэралым и цIыхухэм я Iыхьэ плIанэр жыгъэ хуегъэзэкI ныбжьым зэриты, икIи абыхэм Iэмал яIэн зэрыхуейр лэжьэну, жыджэру жылагъуэ Iуэхуэм хэтыну, я узыншагъэм кIэльагъэплъыну.

Псом апэу гулъытэ зыгъуэтыпхъэр дэIепыкъуэгъуншэу къанэхэращ. Абыхэм щхьэкIэ къызэрагъэпэщащэжьнущ унэ-интернатхэр. УнафэщIым жиIащ иужьрей илъэсхэм я Iуэхущ1апIэхэр зэрыдзэхуэпар, щыIэхэр къэгъэщIэрэщIжьын, здэщыныIэ щыналъэхэм ахэр щыухуэн зэрыхуейр. Ди къэралым а Iуэхуэм тригъэкIуэдэнущ сом меларди 2,3-рэ.

Цыхьр пенсэ кIуэгъуэ ныбжьым щынэсыжьыр, хуейуэ щытмэ, и лажьыгъэм пищэфын хуэдэу узыншагъэ иIэн щхьэкIэ гъэ къэс апхуэдэжэм дохутырхэр къеплъынущ. Псалъэм папщIэ, къэкIуэну илъэситхум нэхъыжьхэм я процент 70-м я узыншагъэр къапщытэнущ. Мы Iуэхур къуажэхэм нэхъ хэкъуэзауэ щекIуэкIынущ, къалэдзэсхэм елъытауэ къуажэдзсхэр нэхъ гъащIэмащIэщи.

Къыхэгъэщыпхъэщ Iуэхум къызэрыхалъхьар поликлиникэм кIуэну къызэхьэлъэкI, ар зыхуэзфIэмыкIын зэрыщыIэр. Апхуэдэхэр поликлиникэм къэзышэн транспорт щIыналъэ къэс яIэнущ. КIынэмыщIауэ, унэм кIуэуэ я нэхъыжьхэм я узыншагъэр зыщIэлъщIэ дохутыр гуп зэрагъэуIынущ. «Мобильная бригадэ» жаIэ абы щхьэкIэ, апхуэдэ гупу минищ къызэрагъэпэщынущ ди къэралым. щыналъэхэм транспорт иратынри иужьрейуэ зи гугъу тщIари мы гъэм щыщIэдзауэ зэфIагъэкI Iуэхущ. Къапщтэмэ, лажьыгъэмкIэ министр Топилин Максим жиIащ бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ УФ-м и щыналъэ псоми зэгурыIуэныгъэ зэрыращыIлIэнур автотранспортым теухуауэ. Мы Iуэхум трагъэкIуэдэнущ сом меларди 2,3-рэ.

Правительствэм нэгъуэщI зы лажьыгъи еублэ. Ар зыхуэгъэзар зи ныбжь хэкIуэтахэм нэхъ яхуэлъэ узыфэхэр къэхутэнымрэ абыхэм еIэзэнымрэщ. Абы щхьэкIэ къызэIуахынущ гериатрие центрхэмрэ (нэхъыжьхэм я узыфэхэм хуэхэа щIэныгъэ Iуэхущ1апIэ) геронтологиемкIэ къудамэхэмрэ (апхуэдэхэр зимыIэ сымаджэщхэр куэдщ).

Зи ныбжь хэкIуэтахэм теухуауэ къэралым зыхуигъэувыж нэгъуэщI зы къалэнми и гугъу дфхуэщIынут.

Къуажэдэсхэм ящыщу пенсэр процент 25-кIэ нэхъыбэ зыхуащIынухэм къахэхуэнущ. Псалъэм папщIэ, къуажэм нэхъ щыIэ Iэщ1агъэхэм, хадэжэкIымрэ хьэцIэпэцэмрэ елэжьхэм, Iэщ2э джэдкъаэрэ зыгъэхуэхэм къинэмыщIа, я пенсэр хагъэхъуэнущ мэкъумэш техникэм, лэжьапIэхэм къыщагъэссэбэп Iэмэпсымэхэм кIэлъыплъахэм, ахэр зыхъумахэм.

УФ-м ЛжьыгъэмкIэ и министерствэм пенсэр зыхуащIагъунуэр игъэбелджылащи, абыхэм ящыщщ мыпхуэдэ лэжьыгъэ пэрытахэр: колхозхэмрэ совхозхэмрэ кърахьэлIэр, къагъэкIыр, къагъэхъур, дагъэ-гъэсыныпхъэу яIар зыхъумахэр (склад е базэу щIыи), ухуакIуэ бригадэхэм хэтахэр: автокрановщик, хьэкугъэплъ, токарь, гъущIыр газрэ токкIэ зэпызыгъавэхэр, пхъащIэхэр, нэгъуэщIхэри.

А «нэгъуэщIхэм» иджы ящыщ ящыщ, IэмэпсымэхэмкIэ инженерыр, инженер-электрикыр, уней хьэрычэтыщIэр (мэкъумэшхэкIым елэжьмэ).

Правительствэм къыхилъхьар Къэрал Думэм кIыщтэмэ, къердбжэкIа Iэщ1агъэхэр зиIа, къуажэм щылэжьа цIыхухэм я пенсэр 2019 гъэм щышышлэм и 1-м къыщыщIэдзауэ къабжьыжьнущ. Урысейм и Пенсэ фондым гу лъыдегъатэ: процент 25-рэ зыгъэхъуэнур «фиксированная выплата» жыхуаIэращ (ныкъуэдыкъуэхэм, зи ныбжькIэ пенсэ зыхуагъэувхэм Iэмал имыIэу ират сом бжыгъэ гъэбелджылараш). ЩIышылэм и 1 лъандэрэ зы маазэм хуэзэу ар сом 5334-рэ мэхъу, зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуахэм -10668-рэ. ПыухыкIауэ жыпIэмэ, къуажэдэсхэм жьыгъэм теухуауэ ират пенсэр сом 1300-2600-кIэ хэхъуэнущ.



«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэныкъуэ Iэпщацэ Марат.

Урысей Федерацэм и етIуанэ ныбжьыщIэ командэ къыхэхам хэту (№18).

● Футбол

Iэпщацэм и лъэбакъуэщIэ

Санкт-Петербург щекIуэкIащ ФИФА-м и вице-президенту щыта Гранаткин Валентин и цIэкIэ къызэрагъэпэща XXXI дунейпсо зэхьэзэхуэ. Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ ныбжьыщIэ командэ къыхэхам дэщIыгъуу абы зыкъыщигъэлъэгъуащ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэныкъуэ щIалэщIэ Iэпщацэ Марат.

ИЛЪЭС пщыкIуий зи ныбжь Iэпщацэ Марат лъэ быдэкIэ «Спартак-Налшыкым» нэгъабэ хьыхьахэм, абы и къэкIуэнур кудзкIэ зэлъытахэм ящыщщ. Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм ди командэм и щIыхьыр ихъумэу абы зэIущIэ 24-рэ иригъэкIуэкIащ икIи Iэщ1агъэлIэхэм и джэгукIэр хуабжьу ягу иригъэкIащ. Аращ къэралым и ныбжьыщIэ гуп къыхэхам щIраджари.

Мэкъуэгъуэм и 4 - 14-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIа Гранаткин Валентин и цIэкIэ къызэрагъэпэща XXXI дунейпсо зэхьэзэхуэм Iэпщацэ Марат щыджэгуа Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ ныбжьыщIэ командэ къыхэхам хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуат Ираным, Аргентинэм, Армением я гуп лъэщхэр. Ди лъахэгъум абыхэм фIы дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Уеблэмэ, Iэпщацэм дигъэкIа топым и фIыгъэкIэ Армением и командэ къыхэхар хагъэщIащ. Ебланэ дакьикъэм абы и хьэрхуэрэгъум топыр къытрихащ икIи гъуащхьэхъумэным яIэщIэкIри, бжьыгъэ къызэIуихащ.

Урысей Федерацэм и етIуанэ ныбжьыщIэ командэ къыхэхар зыхэт гупым щытекIуэхэм ящыщ зы хъури, финал ныкъуэм нэсащ. Абы къыщыпэщIэува ди къэралым и япэ гупыр къызэрыпэлъэщар зэIущIэ нэужь пенальтихэмкIэщ.

КьыщынэмыщIауэ, а махуэ дыдэхэм Iэпщацэ Марат ираджар етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и командэ къыхэхам. Профессионал Футбол Лигэм и «Переправа» кубокыр къэхьныжьыкIэ зэхьэзэхуэм адыгэ щIалэщIэр ирагъэблагъат, арщхьэкIэ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ ныбжьыщIэ командэ къыхэхам щыджэгуным нэхъ пщIэ иIэу къальытэри, и гъэсакIуэхэм ар япэ ирагъэщащ.

Щэч хэмылъу, «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэныкъуэ Iэпщацэ Марат иужьрей зэманым футболым лъэбакъуэщIэ щичащ. Ди гуапэщ адэкIи и екъулIэныгъэхэмкIэ дигъэгуфIэмэ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Медаль зэмылIэужьыгъуэхэр

«Динамо» спорт зэгухьэныгъэм и урысейпсо зэхьэзэхуэ алыджурым бэнэкIэмкIэ 2003-2005 гъэхэм къалъхуахэм я деж щекIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм дыщэ медалу 3, дыжьыну 1, жэз медалу 3 абы къыщахьащ.

ЩЫБЭНА гупхэм пашэныгъэр щызыIэрагъэхьащ Нэгъуей Рустам (кг 35-рэ), Малхозов Астемыр (кг 62-рэ), Щомахуэ Албиян (кг 85-рэ) сымэ. Зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щиубыдащ Щомахуэ Алим (кг 48-рэ).

ЩIалэхэр ягъаз Умархэ Залымрэ Валерэрэ, Наурзокъуэ Къазбэч сымэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Сокъур Заур и текIуэныгъэ

● Дзюдо

Мейкъуапэрэ Красноярскрэ щекIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоистхэм медалитI къыщахьащ.

МЕЙКЪУАПЭ дэт Адыгэ къэрал университетым Физическэ культурэмрэ дзюдомкIэ и институтым щызэхэтащ СССР-м ЩIыхь зиIэ и тренер Куэблэ Екъуб и фэеплъу «А» класс зиIэ дзюдомкIэ зэхьэзэхуэр.

Абсолютнэ хьэлъагъ зиIэ гупым пашэ щыхуащ ди лъэпкъэгъу Сокъур Заур. Ар ефIэкIащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Гогуев Солтан-Мурат икIи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ.

А махуэ дыдэхэм Красноярск щекIуэкIащ «Мемориал Владимира Гупидова» урысейпсо мастер зэхьэзэхуэ. Зи хьэлъагъыр килограмм 66-м нэблагъэхэм я деж абы дыжьын медалыр къыщихьащ ЦикановИслъам.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● ФщIэн папщIэ

Хабзэр 20 922-рэ къызэпаудащ

Зэратх Iэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, мэкъуаугъуэм и 8 - 14-хэм къриубыдзу гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр 20 922 - рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуан 12 -рэ мин 580 900 - рэ.

Къуэдыр махуэ 60-м къриубыдзэу япшын хъунущ. Абы фIагъэкIамэ, Iуэхур Суд приставхэм Iэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьи) къриубыдзу ямыпшынмэ, ар хуэдитIкIэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кIэ цIыхур ягъэлажьэ.

Къуэдыр птелъэрэ-птемылъэрэ къыщыпщIэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Ди нэхъыжьхэр

Я псэукIэр нэхъ зэIуэзэпэщ хъун папщIэ

Иужьрей тхьэмахуэхэм хьыбарыфI зыбжанэ къытIэрыхьащ ди къэралым нэхъыжьхэм щагъуэтыну гулъытэм тетухуауэ.

«Демография» лъэпкъ проектыр гъэзэщIа зэрырихъум теухуа зэIуэщIэм УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий щыжиIащ къэралым и цIыхухэм я Iыхьэ плIанэр жыгъэ хуегъэзэкI ныбжьым зэриты, икIи абыхэм Iэмал яIэн зэрыхуейр лэжьэну, жыджэру жылагъуэ Iуэхуэм хэтыну, я узыншагъэм кIэльагъэплъыну.

Псом апэу гулъытэ зыгъуэтыпхъэр дэIепыкъуэгъуншэу къанэхэращ. Абыхэм щхьэкIэ къызэрагъэпэщащэжьнущ унэ-интернатхэр. УнафэщIым жиIащ иужьрей илъэсхэм я Iуэхущ1апIэхэр зэрыдзэхуэпар, щыIэхэр къэгъэщIэрэщIжьын, здэщыныIэ щыналъэхэм ахэр щыухуэн зэрыхуейр. Ди къэралым а Iуэхуэм тригъэкIуэдэнущ сом меларди 2,3-рэ.

Цыхьр пенсэ кIуэгъуэ ныбжьым щынэсыжьыр, хуейуэ щытмэ, и лажьыгъэм пищэфын хуэдэу узыншагъэ иIэн щхьэкIэ гъэ къэс апхуэдэжэм дохутырхэр къеплъынущ. Псалъэм папщIэ, къэкIуэну илъэситхум нэхъыжьхэм я процент 70-м я узыншагъэр къапщытэнущ. Мы Iуэхур къуажэхэм нэхъ хэкъуэзауэ щекIуэкIынущ, къалэдзэсхэм елъытауэ къуажэдзсхэр нэхъ гъащIэмащIэщи.

Къыхэгъэщыпхъэщ Iуэхум къызэрыхалъхьар поликлиникэм кIуэну къызэхьэлъэкI, ар зыхуэзфIэмыкIын зэрыщыIэр. Апхуэдэхэр поликлиникэм къэзышэн транспорт щIыналъэ къэс яIэнущ. КIынэмыщIауэ, унэм кIуэуэ я нэхъыжьхэм я узыншагъэр зыщIэлъщIэ дохутыр гуп зэрагъэуIынущ. «Мобильная бригадэ» жаIэ абы щхьэкIэ, апхуэдэ гупу минищ къызэрагъэпэщынущ ди къэралым. щыналъэхэм транспорт иратынри иужьрейуэ зи гугъу тщIари мы гъэм щыщIэдзауэ зэфIагъэкI Iуэхущ. Къапщтэмэ, лажьыгъэмкIэ министр Топилин Максим жиIащ бадзэуэгъуэм и 1 пщIондэ УФ-м и щыналъэ псоми зэгурыIуэныгъэ зэрыращыIлIэнур автотранспортым теухуауэ. Мы Iуэхум трагъэкIуэдэнущ сом меларди 2,3-рэ.

Правительствэм нэгъуэщI зы лажьыгъи еублэ. Ар зыхуэгъэзар зи ныбжь хэкIуэтахэм нэхъ яхуэлъэ узыфэхэр къэхутэнымрэ абыхэм еIэзэнымрэщ. Абы щхьэкIэ къызэIуахынущ гериатрие центрхэмрэ (нэхъыжьхэм я узыфэхэм хуэхэа щIэныгъэ Iуэхущ1апIэ) геронтологиемкIэ къудамэхэмрэ (апхуэдэхэр зимыIэ сымаджэщхэр куэдщ).

Зи ныбжь хэкIуэтахэм теухуауэ къэралым зыхуигъэувыж нэгъуэщI зы къалэнми и гугъу дфхуэщIынут.

Къуажэдэсхэм ящыщу пенсэр процент 25-кIэ нэхъыбэ зыхуащIынухэм къахэхуэнущ. Псалъэм папщIэ, къуажэм нэхъ щыIэ Iэщ1агъэхэм, хадэжэкIымрэ хьэцIэпэцэмрэ елэжьхэм, Iэщ2э джэдкъаэрэ зыгъэхуэхэм къинэмыщIа, я пенсэр хагъэхъуэнущ мэкъумэш техникэм, лэжьапIэхэм къыщагъэссэбэп Iэмэпсымэхэм кIэлъыплъахэм, ахэр зыхъумахэм.

УФ-м ЛжьыгъэмкIэ и министерствэм пенсэр зыхуащIагъунуэр игъэбелджылащи, абыхэм ящыщщ мыпхуэдэ лэжьыгъэ пэрытахэр: колхозхэмрэ совхозхэмрэ кърахьэлIэр, къагъэкIыр, къагъэхъур, дагъэ-гъэсыныпхъэу яIар зыхъумахэр (склад е базэу щIыи), ухуакIуэ бригадэхэм хэтахэр: автокрановщик, хьэкугъэплъ, токарь, гъущIыр газрэ токкIэ зэпызыгъавэхэр, пхъащIэхэр, нэгъуэщIхэри.

А «нэгъуэщIхэм» иджы ящыщ ящыщ, IэмэпсымэхэмкIэ инженерыр, инженер-электрикыр, уней хьэрычэтыщIэр (мэкъумэшхэкIым елэжьмэ).

Правительствэм къыхилъхьар Къэрал Думэм кIыщтэмэ, къердбжэкIа Iэщ1агъэхэр зиIа, къуажэм щылэжьа цIыхухэм я пенсэр 2019 гъэм щышышлэм и 1-м къыщыщIэдзауэ къабжьыжьнущ. Урысейм и Пенсэ фондым гу лъыдегъатэ: процент 25-рэ зыгъэхъуэнур «фиксированная выплата» жыхуаIэращ (ныкъуэдыкъуэхэм, зи ныбжькIэ пенсэ зыхуагъэувхэм Iэмал имыIэу ират сом бжыгъэ гъэбелджылараш). ЩIышылэм и 1 лъандэрэ зы маазэм хуэзэу ар сом 5334-рэ мэхъу, зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуахэм -10668-рэ. ПыухыкIауэ жыпIэмэ, къуажэдэсхэм жьыгъэм теухуауэ ират пенсэр сом 1300-2600-кIэ хэхъуэнущ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Тэрим Марианнэ, Щ1хьэщэмыщ1 Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмрэ Iуэхущ1апIэхэм я дэлэжьэныкъуэмкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныкъуэмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщIэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аллэмэт** *(3, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бищу Жаниндж.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.204 ● Заказ №545

● Жэрдэм

Хэт сабийхэр зыгъашхэр, сыт ирагъэшхыр?

Къэрал Думэм и депутат гупым къыхалъхьащ курыт еджапIэхэмрэ сабий садхэмрэ шхын яхуэзышэхэм ятеухуа хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн хуейуэ.

ДЕПУТАТХЭМИ, экспертхэми, щIыналъэ унафэщIхэми жаIэ мы Iуэхум щыщIэныгъэ куэд зэрыхэлъыр. Сабийхэм ерыскъы яхуэзышэнрэ къыщыхахIэ, а зэпеуэм хэти хэтыфынущ, текIуэнурэ уасэр нэхъ мащIэу къэзыгъэлъагъэращ.

Жэрдэмыр зейхэм жаIэ дагъуэншэу лажьэ компание нэхъ инхэм фIэкIа мы Iуэхум зыри бгъэдэбгъэхьэ мыхъуну. Къапщтэмэ, «Высшая школа экономики» НИУ-м егъэджэныгъэмкIэ и институтым и профессор Абанкинэ Иринэ кьелъытэ а компаниехэм яхуэгъэбелджылын хуейуэ къыбзагъэм, сабийм дежкIэ зэгъ шхыныгъуэхэм я пщалъэр Iэмал имыIэу ягъэзэщIэну.

Къыщыхъу щыIэщ компание иным уасэр хуэдищкIэ игъэмащIэу зэпеуэм щытекIуа нэужь, езым ищIэн хуей лэжьыгъэр фирмэ цIыкIухэм щатригуашэ. Иужьрейхэм я нэхъыбэм Iэмали, зэдфIэкIи, Iэщ1агъэлIи яIэкъым а Iуэхум пэлъэщыфын хуэдэу.

НэгъуэщI зы щыщIэныгъи щыIэщ мыбы епхауэ. Куэдрэ къыщIагъэщ хъуащ къэзыщхэмрэ зэгурыIуэу уасэр нэхъ ину къыщагъэлъагъуэ, къыдагъахэр зэхуагъэщыжу. Абы къикIуэращи, сабийхэм ирагъэшхым Iэфи-фIэIуи щIэлъхьым. Нэхъ тэмэму жыпIэнымэ, фошыгъу зыхэлъ шхынхэмрэ щIакхъуэхэкIэмрэ адрей псоми йобэкI (псалъэм папщIэ, пхъэщхьэмыщхьэм, хадзэкIым). ГъэшэкIыр дагъэкIэ гъэнщIа къэкIыгъэхэм къыхащIыкI, ерыскъыр зэIымыхьэн хуэдэу тэмэму зэрахьэрхьым, пщафIэхэр а Iэщ1агъэм хуемыджа, медицинэ тхыльэ зимыIэ цIыхухэщ.

Зи пIалъэр икIа, ерыскъы упщIыIужа е зэIыхьа зрат сабийхэм я узыншагъэм а псори зэран зэрыхуэхъум и цIыхэтщ зэман-зэманкIэ хъыбар къэлухэр, сабий садым, школым, зыгъэпсэхупIэм щыIэ ныбжьыщIэхэр пщIы бжьгъэкIэ сымаджэщым зэрыщIэхуам теухуауэ.

Депутатхэм къальытэ сабийхэм я шхыныр къызэзыгъэпэщ компаниехэм я реестр щыIэн хуейуэ. Ахэр белджылымэ, адэ-анэхэм компаниием и лэжьакIэр зыхуэдэр къагъэльагъуэфынущ, щIэмыарэзыр утыку Iуэху ящыфынущ.

ГъэщIэгъуэн дыдэщ иджыпсту зэрыщыIэр: зэгурыIуэныгъэ зращIыIа компанием и лэжьакIэр зыми кьипщIэрэкъым, уеблэмэ сабийхэм яшхыр махуэ къэс зыпIагъу гъэсакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ абы я Iуэху халъхьэну хуиткъым. Нэхъ гъэщIэгъуэныкъыр зи къалэныр тэмэму зымыгъэзащIэ компаниер зэрыубгъэкIуэтыну щыкIэр хабзэкIэ убзыхуауэ зэрыщымытырщ, а Iуэхум яужь уихьэми, кIыхьлIыхь мэхъу.

Ди щIэблэм я узыншагъэр зыхуэдэнур кудзкIэ зэпытатэхэм я лэжьакIэм и гу щылъатакIэ, дыщыгугъынщ Iуэху пыухыкIа къикIуэну.

● Къардэн

КIэрыхубжьэрыхухэм къыхуагупсысыр фщIэрэ?

Зэгуэр флъэгъуа роботым кIэрыхубжьэрыхур зэщIикъуэу? Занщ1у Япониер фигу къэкIагъэнщ, ауэ ди къэралми, Уфа, ар къыщагъэсэбэп хъущ. Тюмень къыщагупсысар нэхъыфIыжщ - абы кIэрыхубжьэрыхум бензин къыщыхащIыкI.

ЩIЭНЫГЪЭлIХЭМ жаIэ: «Европэм кIэрыхубжьэрыхум зэрыщелэжьыр флъэгъуарэт»,-псалъэхэр зэхэтхыну ди жагъуэщ, дэ зыми ди акъыл хуэмыкIуэ нэхъей. Апхуэдэ къабзэуи дужэгъуащ кIэрыхубжьэрыхум текIуэнуз махуэ къэс жаIэр, ятхыр».

Абы къигъэгубжьами ярейуэ, псалъэм папщIэ, Ямалым щагъэуващ сыт хуэдэ кIэрыхубжьэрыхуми гъэсыныпхъэ къыхъэщIыкI. Тюмень и индустриальнэ университетымрэ Урал федеральнэ университетымрэ я Iэщ1агъэлIхэр зэгъусэу елэжьащ мы Iуэхум. Иужьрейм и профессор Магарил Еленэ зэрыжиIэмкIэ, ар апхуэдэу гугъуркъым: сыт хуэдэ кIэрыхубжьэрыху лIэужьыгъуи (шэрхъыжьхэр, пластикыр) къапщтэу щIыдагъэм елэжьа нэужь кьанэм (псалъэм папщIэ, гудроным) дэщIыгъуу «бгъэвэж» хъунущ, лъышэ (кислород) лъэмыIэсу. «Коксования» жыхуаIэ Iэмалращ ар. А щIыкIэм тету пхущIынущ бензин, дизель, хьэку гъэсыныпхъэ, битум.

КIэрыхубжьэрыхури зыщIэпкъуэну щIыдагъэри зэбгъэзэхуэну Iэмал къозытщ щIэныгъэлIхэм къагупсысар. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, унагъуэхэм я кIэрыхубжьэрыхум къинэмыщIауэ, промышленнэ жыхуаIэми а щIыкIэм тету елэжьеиныфынущ.

Свердлов областым щыIэ Новоуральск къалэ зэхуэщIам щылажьэ щIэныгъэлIхэм кIэрыхубжьэрыху къызэщIэзыкъуэну, елэжьыну къагупсысар автобусым ещхьыщ. Гъуэгу тэмэм здэщIымыIэ щIыпIэхэм, щIыналъэ пхыдзахэм я кIэрыхубжьэрыхур завод гуэрым яIэнэ хьэлъэ мэхъури, езы автобусыр абыхэм макIуэ, къызэхуахьэсам йолэжьри, гъэсыныпхъэу къыхэкIар а къалэ, къуажэ щIыкIуэхэм къахуегъэнэж.

Зэрытлъагъущи, Iуэхур ежьа хуэдэщ, икIи щIыналъэ къэс хэкIыпIэ къыхуагъуэт кIэрыхубжьэрыхуэм фейдэ къыпэкIуэу зэрелэжьынум. Нэхъыщхьэраши, абы Iэмал къыдитынущ щIымрэ псымрэ дымыуцIэпIыну, ди IэкIэ (е ди хуэмыхуагъкIэ) зыдмыуКIыжыну.

● Къардэн

Медаль зэмылIэужьыгъуэхэр

«Динамо» спорт зэгухьэныгъэм и урысейпсо зэхьэзэхуэ алыджурым бэнэкIэмкIэ 2003-2005 гъэхэм къалъхуахэм я деж щекIуэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм дыщэ медалу 3, дыжьыну 1, жэз медалу 3 абы къыщахьащ.

ЩIЫБЭНА гупхэм пашэныгъэр щызыIэрагъэхьащ Нэгъуей Рустам (кг 35-рэ), Малхозов Астемыр (кг 62-рэ), Щомахуэ Албиян (кг 85-рэ) сымэ. Зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щиубыдащ Щомахуэ Алим (кг 48-рэ).

ЩIалэхэр ягъаз Умархэ Залымрэ Валерэрэ, Наурзокъуэ Къазбэч сымэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Сокъур Заур и текIуэныгъэ

● Дзюдо

Мейкъуапэрэ Красноярскрэ щекIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоистхэм медалитI къыщахьащ.

МЕЙКЪУАПЭ дэт Адыгэ къэрал университетым Физическэ культурэмрэ дзюдомкIэ и институтым щызэхэтащ СССР-м ЩIыхь зиIэ и тренер Куэблэ Екъуб и фэеплъу «А» класс зиIэ дзюдомкIэ зэхьэзэхуэр.

Абсолютнэ хьэлъагъ зиIэ гупым пашэ щыхуащ ди лъэпкъэ